# BABAD CINA

Serat Babad ing nagari cina, nalika karaton ing jaman Jing Tya, inggih punika anyariyosaken nalika panjenenganipun sang prabu Gian Liong Khun, alelana nalamur kawula dhateng nagari Kanglam utawi Syohcyu.

Katedhak saking tembung malayu, saha kasekaraken macapat dening babah Si Gwan Kin ing kartasura. Nalika panganggitipun ing tahun 2440 panjenenganipun sang prabu Khong Shu jumeneng angsal 16 taun, utawi ing taun walandi 1890.

Katedhak ing tanggal 29 september 1900.

Deningpun

Sastra Hoetomo

SRIE GYAN LYONG KUN

Duk makirtya ri anggara manis, wulan besar tanggal ping asta welas, mangsa karo de wukune landhep alip kang taun sangkalaning warsa winarni trusing tyas ngesti nala, nenggih kang ginelung, babad tireng nagri cina, duk jenengnya Gyan Lyong Kun sri narapati namurnis saking pura.

Tanpa abdi tedhak sang aji, pan amindho jalma sudagaran marmatan kawruhan akeh, den iku sang aprabu kang amengku tiongkok nagari, dene sri maharaja Gyan Lyong Kun punika, anurutken para nata kang amengku nagari cina nganti mangkin, prabu Kong Su punika.

Ugi tedhak Gyan Lyon Kung narpati pan mangkana gancaring carita, winiwit mula bukane, Sun Tikun Sang sinuhun, edangiro Gyan Lyong Kun aji, iku nata kawitan, ing Jing Tya prajagung, jumeneng 18 warsa, nulya seda ginantyan putra nireki Kong Ikun Sri narendra.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Nganti lami jumeneng ngiraji, sawidak langkung sajuga warsa, tandya seda sang pamase, ginantyas putranipun ajejuluk Gong Cing narpati, jumeneng sawlas warsa, sang nala gya surud ginantyanan putra nira Sri Gyang Yong kusseda gumantya mring siwi, Ke Ging Kun julukira.

Sasedanya putra kang gumanti, prabu To Kong seda ingkang putra, Sri Am Hong jumeneng rajeng, nulya prabu Tong Tikun, tan nalami seda sang aji, nulya putra gumantya, nenggih prabu Kong Su, ratu agung binathoro, inggih ingkang jumeneng samangke iki, kalokeng jagat raya.

Bondha bandhu karatonnya luwih, sugih wadya bala tanpa wilang, tur santosa nagarane, sadaya kuthaipun, sajeroning cina nagari, kinubeng pager bata, tur kandel aduwur, upama kang parang muka, bangsa lyan arsa bedah cina nagri, sayekti nora gampang.

Awit langkung santosa ing nagri, lan okeh ing wadya bala tontra, asta tus ewu kathahe, seje titindhihipun, kang pratiwalan praprajurit, kabeh sudireng lana, lan wadya ing laut, ugi kathah tanpa wilang, lan palwa prang kang sami linapis wesi, ugi tan petungan.

Iku samya rumekseng jaladri, bok manawa ana mungsuh prapta, saking ing liya prajane, pinapa naprang neng laut, marma praja ing kanan leri, kekes samya suwita, bulu bekti katur mring Sri Maharaja Cina, tangeh lamun sinebutna siji-siji, ratu kang kasasaban.

Ing dhamparnya kangjeng Sri Bupati, yata mangkya ingkang winursita, Sri Gya Lyong Kun duk jenenge, mengku Jing Tya prajagung, pan kasuwur ing mancanagri, putus sumbageng jagad, tur sudi reng kewuh, tan kewras gelaring ngaprang, dasar ambek para martasih ing dasih, lan dina danan nira.

Ajejeg denya ngasta adil, sumarmanya kang para kawula, suyud numuji harjane, prajanya sang aprabu, pan sumambrah berkah iraji, wrata sanuswa cina, jalmalit ing dhusunadhem tentrem asesawah, sirna maling mamala satru ning bumi, bumiyarja dadya tondho.

Yeku ratu mustikaning bumi, tangeh lamun winarna ing gita, harjaning praja sang rajeng, ing ngari juganuju, miyos piniwakeng pradasih, lenggah ing dampar emas, ing ngayap praharum, manggung

ketanggung biyana, ingkang samya ngampil upacara aji, Gya Lyong Kun sri narendra.

Menggep lenggah aning dampar rukmi, kadya ilang kamanusa nira, lir hyang ngasmara citrane, bupati myang tumenggung, mantri lawan para prajurit, pepak sumiweng ngarsa, yata sang prabu, arum pangandika nira, eh sakehing para sayaka bupati, marma sajeneng ingwang.

Iya bisa jumeneng narpati, awit saking rahmatireng Allah, kang dumawah eyang binges, tumurun mring wak ingsun, mangkya karsa harjaning nagri, ecane prakawula iku yektinipun, ingkang awit saka sira, pada mantepa setya angasta nagari, bantoni mring wak ingwang.

Mangkya wus kacihna arjeng nagri, kang mangkana banget panrimeng wang, marang sira sakabehe, prabupati duk ngrungu, matur nuhun sujud mring aji, nata antyarsa umyat, malih sabdanipun, eh sakehe punggaweng wang, karsa ningsun iya ing dina puniki, gawe pasemonira.

Ingsun nulis aneng ing sutrabit, lah ta mengko padha cundhukena, kang bisa rujuka repe, sagung punggawa ngrungu dawahira jeng Sri bupati, nembah alon turira, pukulun sang prabu, nuwun bumi kaparingna, pirsa dhateng kawula sadaya sami, pasemon jeng paduka.

Suka ngandika sri narapati, lamun bisa condhong ingsun ganjar, rajatadi ingkang ngakeh, tandya nyerat sang prabu, pan mangkan ungellireki, gyonte ing ping kalawan, Lwi Kainki iku, Icihong tomaning ira, tiyanontin, dene tajarwa nireki, barisya sang murbeng ngrat.

Yen lumampah mangka tamburneki, sanggya bledheg, mega kang pinengka, bandera iku isthone, udan kang minangka hru, angin mangka sanjata neki, yaiku pasemonya barisana ing ruhur sawus sira serat dadya gya pinaringaken mring sagung bupati, sadaya amariksa.

Nanging siji tan nana kang bangkit, nyandak pasemonnya sri narendra, temah delag-deleg kabeh, sumungkem sirahipun, dahat ajrih mring narapati, nata garjita umyat yen punggawaipun, boten wonten ingkang wigya, anyondhokken pasemonnya sri bupati, ing tyas dahat tan panna.

Kawistara ujwala sing liring, tandya wonten punggawa geng nama, Tan Yong Boh dene lunggguhe, Bun Atyantahe Agsu, majeng ngarsa

nembah tur nyaris, duh gusti sri pamasa kawula atur wruh, menggah pasemon paduka, ing sareh ning punggawa sadaya sami, tan wonten ingkang wigya.

Anyundhukken kang punika gusti, yen kapapag karsa padukendra amba darbe murid ranne, Pang Sing Syu namanipun, asli saking Khwitang nagari, mangke wus darbe pangkat, Kijin namanipun, wasis putus marang sastra, bok manawi gusti punika abangkit, nadyan meksih taruna.

Nanging putus dateng sastra, mila yen kapapag gusti, mugi dipun timbalana, Sang nata wau duk myarsi, Tan Yong Boh atur neki, suka angandika arum, lah iya iku jalma, ing samengko ana ngendi, Yoh Boh matur wonten ing wisma kawula.

Sang nata tan dya mangannya, mantri pangkat ira nami, Uwibun Khwa kinen enggal, beta serat ira sang aji, Pang Sing Syu den timbali, Uwibun Khwa tanpi gupuh, serat dawahnya Sang nata asigra-sigra lumaris, nora dangu wus prapto Yong Boh dalemnya.

Panggihana Pang Sing Syu, nawala dawuh sang aji, wisaos mring sang caraka, Pang Sing Syu suka miyarsi, tinimbalan mring aji sujud umatur asuhun tandya budal kalihnya, tan dangu lampahnya prapti, laju sowan mapag ngabyantara nata.

Nembah sumungkem mring kisma, sang nata sabda rum manis, eh Pang Sing Syu susmiyarsa, sireku putusa kalirm, kabeh sakehing tulis, mula sun undang sireku, condong saserat ingwang, kang suci traning sutra brit, lamun bisa cocog sira ingsun ganjar.

Pang Sing Syu nembah aturnya, kasinggihan sabda aji, nanging nalika patikbra, ajar sastra duk ing bgudi, inggih datan pakardi, wit guru ambasa darum, kirang waskita sira katujunya ing samangkin, angsal guru utama Yong Boh punika.

Punika begya kawula, Tan Yong Boh samangke gusti, munjuk dateng padukendra, bilih kawula dinugi, bangkit nyundhuken maring, ing pasemon jeng pukulun, nanging panuwun amba, inggih kawula tan bangkit, tarlena mung kang ngabdi nuwun ngapura.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Ing sisiku jeng paduka, samangke ambarsa uning, panemon jeng padukendra, nata kalanya myarsa, Pang Sing Syu atur neki, tandya ngutus sang ngaprabu, abdi kabiri inggal, amaringken kanang tulis, mring Pang Sing Syu tinampan nulya winaca

Winawas cisip teng driya, pang Sing Syu tandya anulis, ugi wonten sutra jingga, tan dangu serat tan dadi, condong tan nana lisir, lan pasemonnya sang prabu, mangkana ungelira, Pang Sing Syu denira nulis, Lyong Ong Yahyan, Gwatcek Singtingsan malihnya.

Ngahuhahecyu kalawan, tehwipun jarwa nireki, ratu sajroning samodra, sang hyang baruna manawi, drawina wanci ratri, candra mami nongka lampu, dene sang Gya Sudama, minangka lampu lit alit, amadangi silebeti reng samodra.

Dene toyaning sagara, kang minangka arak neki, kang minangka dhedhaharan, wiwitan isining ardi, jagat ingkang kinardi, enggon drawina puniku, mangkana denya nyerat, Pang Sing Syu dadya wus sami, condong lawan kagungannya sang pamasa.

Awit pasemonya sang nata, nyritakken barising nglangit, ingkang kinarya upama, Pang Sing Syu denira nulis, ingkang karya upami, inggih raja nireng laut, denira ondrawina, serat sawus sira dadi, ing ngunjukken marang kajeng sri narendra.

Nata sawus sira mriksa dahat suka nireng galih, keplok-keplok asta nira, ngalembana Sri bupati, pang Sing Syu tuhu wasis, lan bagus seratanipun, mangkana andikanya, Pang Sing Syu tuhu sireki, wus waskitha nindhita ing kasusastran.

Lan nawang Sing Syu warnanya, pantes yen dadi prayayi, tur putus ing tata krama, alus wicaranya manis, nulya wau sang aji, paring kurmat mring Pang Sing Syu, arak winehken gelas, emas agemnya sang aji, Sing Syu ngunjuk nembah anuwun aturnya.

Wus cinatet mring sang nata, pang Sing Syu benjing ngireki, arsa pinaring gelanggah, tandyakalan umulih, sarta dhawah sang aji mring prajuritnya Gi Lim Kun, lan saprangkat pradongga, sabandera dira sami, angiringna Pang Sing syu ing ngukih ira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Yeku nata paring kurmat, Pang Sing Syu ageng kang galih, ginarbeg wadya sang nata, cingak wong sajroning nagri, pan wus grah ing ta sami, yen Sing Syu tuk nugrah agung, katrima mring narendra, mangkana datan kawarni, sang Pang Sing Syu wus prapto Yong Boh dalemnya.

Kacarita sri narendra maksih sisiswi ing dasih, mangkana andika nira, eh sagung para prajurit, miwah para bopati, saparsan derekken mring sun, awit sedya manira, arsa acang krama mami, namur lampah iya mring nagara Kang Lam.

Nanging sagungnging nayaka, bopati pratiwa mantri, mendheke walang sadaya, mring narendra apan nganti, sabda dawah ping katri, ning meksa tan na sumaur, temah duka sang nata, nabda wengis sawetawis, eh tandyan sira tan na derek mring wang.

Mangsa mundur rakar seng wang, bupati nayaka mantri, tumungkul konjemming kisma jrih mulat dukaning aji, yata sri nara nata, jengkar lumebang kadhatun, bubar sagung punggawa, yata wau sri bupati, sarawuhnya dalem pura tandya nurut.

Nawala sawusya dadi, nimbali abdi kabinycih, nami inglon nata nabda, eh inglon layang puniki, iya ing benjing ngenjing, paringna mring Sae Agsu, Tan Yong Boh nama nira, lawan Lau Yong wong kalih, awit ingsun arsa sis mring praja kanglam.

Kalamur dene laminya, yen nora sapuluh warsi, iya namung limang warsa, ingsun kondur mring nagari, eh poma aiwa lali, Inglon nembah tompah sampun, nawala gya sang nata, angrucat busaning aji, amangagem busana lirwang sudagar.

Byar enjing sang nata medal, sing puranis mung pribadi, sakatahing pra punggawa, siji tan nana udani, meksi samya sumawi, kadya saben-sabenipun, tan dangu antaranya,Ing Lon Gi abdi kabiri, bekta serat mijil saking datula.

Pinaringken mring Tan Yong Boh nenggih, lawan sang Lau Yong sarwi nebda punika serate, sri narendra mring paduka kalih, dwi punggawa nuli, seratnya sinambut.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Gya binuka sinukwa ing galih, serat jeng sang katong, pan mangkana jro serat ungele, sun paring jruh mring pra abdi mami, yen ing dina iki, ingsun sida nglangut.

Tilar praja namur lir wong cilik, dene sedyaning ngong, marang Kang Lam bawahe kabeh, wekas ingsun marang sira kalih, dipun ngati-ati, rumekseng praja gung.

Aiwa owah sadaya prakawis, lir duk meksih ing ngong, ingsun pasrah mring sira kalih-kalihe, ingkang mangka iya sulih mami, sagung pra bopati, anuta sireku.

Limang warsa bok wana wabakit, kondur jeneng ing ngong, yen tan bisa samana lawase, ya sapuluh warsa mesthi mami, kondur marang nagri, poma wekas ingsun.

Ywa nawani anglirwaken weling, Yong Boh lan Lau Yong, dahat ngungun wasana kalihe, dhawah marang sagung pra bopati, kinen ngati-ati, rumekseng prajagung.

Tandya budhal kang sami aningkil, mangkya kacariyos, tedak kira kangjeng sang ngarajeng, pan amedal wiwara ing wingking, anjlog ing Swi Lyong Cin, padhusunan agung.

Iku dhusun jaban baluarti, sang nata sukanon, dene langkung rejati kalane, jroning desa ana pasar neki, wismeng wong apipit, katah marginipun.

Sesimpangan parapatan tuwin, kang anjog liya gon, lawan wonten wisma langkung gedhe, sarta inggil lotengan nireki, Kilam Lau nami, nggih punika warung.

Parantinya wong sipeng ing ratri, dhaharan mirantos, lan isum wanwanne kawarna keh, sri narendra dahat trus theng galih, sang nata gya manjing, ing loteng kang dhuwur.

Lenggah kursi tan na dangu prapti, sajuga wong anom, warung tanya marang mring bupati, mangkana sabdeki, sudagar kang rawuh.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Lah punapa arsa ngunjuk awis, lam-ulaman kaot, warni-warni masakan kabehe, pan ing ngriki sadaya miranti, kang minda wong nagri, angandika arum, iya ingsun arsa ngunjuk awis, ingkang becik yektos, lan masakan kang enak rasane, nadyan larang ingsun nora wedi, bayar mring sireki, rencang matur sanggup.

Tandya mudhun paranwan mring koki, kinen masak gupuh, rencang mendet arak lan malihe, sawarni ning wowohan kang edi, sinelehken mungging, meja ngarsanipun.

Sang ngaprabu kang mindho wong cilik, dahat suka anon, de tan dangu wus cumawis kabeh, sang gya masakan tur wangunnya edi, lan araknya becik, gya ngunjuk sang prabu.

Rencang ingkang anuwangi aris, trus teng tyas sang kathong, ngunjuk sarwi dahar masakane, iwek tyeku kanjeng bupati, raos sireng galh, nora pisan emut.

Kawirnya duk aneng jro puri, ciptaning tyas sang katong, kang ginagas tan nana liyane, mung dennyarsa cangkrama lyan nagri, iku kang ginalih, sajeroning ngunjuk.

Mengotnya marang kang ngladeni, eh babo wong anom, ingsun tanya desa kene kiye, apa ana lyan panggonan malih, kang seneng go plesir, keh lelangenipun.

Kang tinanya alon atur neki, kula myarsa wartos, benjing enjing ing radinan kene, badhe ngarak, Twa Pekong sayekti, keh tingalan neki, yen sudagar ayun.

Mider-mider mriksani karamin, kathah kang tinonton, rupa-rupa titingalan kabeh, amepeki sang nlamur duk myarsi, dahat sukeng galih, nabda manthuk-manthuk.

Iya benjing ngenjing sun ningali, angarak Twa Pekong, ratri iki sun nginep ing kene, sawu sira dhahar sri bupati, linorodan sami, dulu tan winuwus.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Enjing wungu sang mindha wong cilik, rencang wus mirantos, dedhaharan cecawisan sang rajeng, tandya dahar wau sri bupati, sawus sira bukti, kasmaran tumurun.

Saking ing loteng manggihi, kang darbe wisma pondokan, mangkana nata delinge, kisanak kularsa kesah, ningali karamean, mangke lamun kula wangsul, kabeh enggon kula dhahar.

Sapinten telas sireki, inggih lajeng kula bayar, kang darbe wisma wuwuse, inggih sakarsa andika, sang nata gya winata, medal saking pondhokanipun, prapteng margi geng katingal.

Untaping wong kang kati, aningali karamean, leksan awendran tan pahe, lir erob bong jaladian, enpyarseng tyas sang mindha, sudagar kacaryan dulu, dene agenging karamean.

Tontonan mawarni-warni, lan asrining pakampungan, banjengan atherek-therek, gedhong-gedhong pinggir marga, toko-toko gumelar, sutra pangsi lan lyanipun, tan ilang tinanyakena.

Tan pahe kalawan nagri, sang nata mider mariksa, wuwuh seneng panggalihe, nutug ing sakarsa nira, mangkana tindak ira, ing wanci wus mungkar bedhug, raos luwe padarannya.

Tandya sang namur umeksi, wonten sajuga sudagar, gedhong tur bagus bangune, loteng ira susun tiga, wonten rining sastra, Cising Lau ungelipun, yeku wisma pamondhokan.

Lan bade dhahar ranenggih, tuwin arak warna-warna, nata mnyat dhahar saharse, nulya wau pinarpekan, nata prastawa myarsa, nginggil loteng sibaranipun, wonteng kang natap pradonga.

Segara arum nganyut ati, lan binarung sasendhonan, san narpa lumebet age, duk prapta ngaseng wiwara, tepining dwara ana, tulisan rinenggo murub, awit toya mas kinarya.

Lan nyerap de ungel neki, yen ing ngriki pamondokan,sinten ingkang karsa mondhok, angsal atumbas sabarang, minuman lan daharan, dahar sanira pratama, sadhiya tan kakurangan.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Sang nata wani duk manjing, katingal kathah sujalma, kang dahar lawan kang ngombe, arak nganti kurang genya, dadya sang nlamur lampah, ninggali mring lotheng ing ngriku, ugi wus tan na enggennya.

Dadya nata minggah malih, loteng kang luhur piyambak, ngriku wus ana wonge, nanging nora pati katah lan ana gon kang selo, lan resik panggenanipun, sakeca karya lenggahan.

Lan kanan keri sireki, ing tembok na tulisannya, kang endah-endah jarwane, lan golek mawarna rupa, karya rengganing wisma, yeku kothong namanipun, wuwuh asri tiningalan.

Sang nata rena ing galih, ningali reganing wisma, dadya lenggah sang ngarajeng, tan dangu narencang prapto, tanya mring nara nata, sudagar naparsa ngujuk, lan mundut daharan napa.

Sang namur ngandika aris, ya aku anjaluk arak, kang betcik lan masakane, senadyan regane larang, ingsun tan wedi bayar, janji enak rasanipun, rencang sandika gya prenah.

Ugi tan dangu sumaji, arak lawan dedhaharan, tinata neng meja andher, ing loteng kang luhur pyambak, nata dahat sukeng tyas, dahar masakan lan ngunjuk, lawan sinambi tumingal.

Ing margi ageng kaeksi, untaping jalma kang samya, aningali ing karamen, ana lunga ana teka, selur pan ngantya, sesek ingkang margi agung, wuwuh rena sri narendra.

Saking suka nireng galih, kalantu angunjuk arak, radi wuru sang ngarajeng, ing wanci wus pukul papat, prajalma kang tumingal karamean, sami mantuk, gya tumurun sing lothengan.

Wau kang kangjeng sri bupati, saprapta nira ing ngandhap, kang darbe wisma nulya ge methukaken lan aminta, arta iwak lan arak, wolung tail katahipun, langkung sewidak papat mata.

Slaka iku reganeki, arak kalawan daharan, sang nata angrogoh kantong, kantong ing rasukan nira, arsa mendhet ardana, kaget jroning tyas si prabu, kantong kang nana picisnya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Analongsa jroning batin, de supe tan sang arta, wasana rum andikane, duh mitra ywa dadi duka, awit kula kalepyan, inggih boten beto sangu, wit kasusu angkat kula.

Yen mitra pracayeng mami, ing sanen dinten kewala, kula kengkenan marene, ambayar sambutaning wang, kang darbe wisma myarsa, malenggong mangsuli gangsul, kanthi marengut netyanya.

Eh sudagar paran rembug, yen makaten nora keni, mangan iwak ngombe arak, samono kathah ireki, banjur arta dipun utang, niku tan wanara neki.

Ing dina iki panuju, kathah para tamu prapti, perlu kangge niku arta, kinarya tutumbas malih, nyadiyani barang-barang, lamun ana tamu prapti.

Mong kaarsa dika sambut, ing ngriki pondhokan cilik, paitan namung sapala, marma tan bisa ngutangi, yen sudagar boya bisa gih bayar arta saiki.

Buntelan dika punika, lan busananya sami, tinggalen mong kacekelan, sanes dinten lamun uwis, sudagar kagungan arta, gih dika tebus mariki.

Sampun sumelang ing kalbu, yen ilang darbek ireki, sang nata kalanya myarsa, duka angandika wengis, eh apa tan wuwuws sira, sakupama jeneng mami.

Tan aweh cekelan ingsun, lah sira arsa punapi, kang darbe wisma miyarsa, runtika sru ngandika neki, lamun sira datan arsa, aweh cekel mring mami.

Mung sabisa sira metu, iya sing lawang puniki, aiwa maneh kaya sira, sudagar kalamun bukti, iya ora gelem bayar, sawektine sun dhedheli.

Nadyan kangjeng sangngaprabu upama tedhak mariki, dahar nora arsa bayar, pesti yen ingsun dhedheli, busananya ingkang ana, gambar ira nata aji.

Aja maneh mung sireku, yen ora asun wudani, sang nata kalanya myarsa, aduka yayah sinipi, lir sinebit karna nira, amingkis rasukan neki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Kang darbe wisma tinapuk, tinendhang tiba kuwalik, geger jro wisma pondhokan, kang lagi eca abukti, sami ngadheg sedya neki, dhinupak miwah tinenda, akeh tiba kajumpalik, kajangkang karangkang-rangkang, temah samya mlayu ngenthir.

Tan anongga rosanipun, marang sang sudireng westhi, awit wus kalokeng jana, sri Gyan Liong Kun jeneng neki, Bunbu Cwan Cahe sang nata, putus prawireng ngajurit.

Sawus sira sami mawut, namung kantun tukang bakmi, pinukul satengah petjah, tantara nulya na prapti, sujalma maksih taruna, warnanya bagus respati.

Duma rojoga praptanipun, naketi kang lagya runtik, nabda arum manohara, rumesep bahannya encik, duh paman kang lagya dugi, punapa prawita neki.

De sanget duka pukulun, mangkya sarehna rumiyin, piwarsakna atur kula, sang taruna den nira ngling, sarwi mesem duk sang nata, myarsa turnya sang maladsih.

Suka tumingal sang prabu, ngalembana jroning galih, mangkana osik sang nata, narweki warnanya pekik, tur pantes micara nira, dahat sukeng tyas sang aji.

Temah larut bendhonipun, naketi mring sang taruni sarwi nyepeng arta sira, pangandika nira aris, eh mudha ingsun atanya, sabab punapa sireki.

Amenggak ing karsa ningsun, mukuli mring tukang bakmi, ingkang liwat kurang ajar, iya marang jeneng mami, apa iya sanak ira, lan mring sun tannya sayekti.

Sireku sapa jenengmu, lan wisma nira ing ngendi, matur mau sang taruna, kawula nami Cyu Jit Cing, mila kami purun amba, amenggak duka inggih.

Saking boten saged dulu, paduka sanget gebagi gih dateng kang darbe wisma, pinukul satengah mati, lan ambagih dede sanak,. Namung wqelas aningali.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Dateng kang satengah lampus, mila yen tangan ing kapti, paduka mugi ngapura, sisipipun tukang bakmi, lan amba anuwun pirsa, mula bukaning prakawis.

Lawan yen pareng pukulun, paduka kula aturi, kampir dateng wisma amba, saking ngriki boten tebih, sang nata kalanya myarsa, aturing Jit Cing kadyeki.

Entar sengtyan ngandika rum, nyritakken prakawis neki, purwa dugi wasananya, jalarannya dadya runtik, Cyu Jit Cing kalanya myarsa, suka gambuhnya gumanti.

Yen mung makaten iku prakawisnya, tan pantes ing ngudur, lamun kangjeng paman arsa ngangge duwit, tuwin paka damel nyaur, inggih mring kang darbe pondhok.

Sumangga kula asung, Cyu Jit Cing wusnya nabda kadyeku, tandya ngrogoh kantongan nira kulambi, sarwi mendet picisipun, sapuluh tail kumopyok.

Arta sinungken sampun, marang tukang bakmi luwihipun, asusuki tukang bakmi mring Cyu Jit Cing, tinampan tandya sang nlamur, ing ngajak sang prawira nom.

Mampir mring wismanipun, pan mangkana Cyu Jit Cing lingipun, lamun paman sudi kawula aturi, kampir dateng wisma ulun, saking mriki boten adoh.

Meksih tunggil padusun, sri narendra duk myarsa wuwus, sri Jit Cing adreng denya kinen mampir, tur tembungnya manis arum, trapsilanya andhap asor.

Wewah suka sang prabu, tansah ngalembana jroning kalbu, awasana nata angendika aris, iya kulup ingsun anut, marang ing wismanta ing ngong.

Nulya kalih budhal wus, sipondhokan samarga sang prabu, gung imbalan wacana ling nira aji, sunniki nama kodyan su, wismeng sun jro praja kathong.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Tan tebih lan kadhatun, yata lampahnya kalih prapto wus, wismeng Jit Cing sang nata ngandika aris, sun niki kulub akewuh, dene mau aku nganggo.

Artamu di go nyaur, tukang bakmi iku lamun weruh, ramanira kalawan ibu nireki, yekti kalingseman ingsun, Cyu Jit Cing sumaur alon.

Apan ywa wa lang kalbu, alit rama kawula wus lampus, namung kantun ibu lawan rama abdi, marma sumangga ywa rikuh,dene capa duka lungguh.

Kawula arsa mlebu, griya wingking arsa atur weruh, mring jeng ibu Cyu Jit Cing sun sira panggih, nenggih marang ibunipun, sumujud turira alon.

Ibu kawula wau, beta tamu naminya Ko Dya Su, pinangkanya saking ing Kha wha sya samangkin, prayoganya kangjeng ibu, amanggih ana den gupuh.

Kacrita sang retno yuk, ibu nira Cyu Jit Cing puniku, tiyang Syehwhi Pambekkanya langkung betcik, asih sesameng tumuwuh, andina dana tan nanggop.

Dene ta putranipun, mung sajuga Cyu Jit Cing puniku, kakung ira denya pejah wus salami, mila sanget asihipun, mring Cyu Jit Cing, sang nglir sinom.

Sajuga putra kakung, dasar wasis putus salir kawruh, pan ing ngugung sakarsanya den turuti, awit wus waskiteng kalbu, yen putra nira sang anom.

Kumpulan karemipun, lan sang gya sang paramitrasipun, sami ajar solah gelaring ngajurit, ing ngari wau sang ayu, myarsa tur ira sang nganom.

Lamun ambekta tamu, dahat suka dawah kinen gupuh, mring kang putra kinen nyegah ateh wangi, Jit Cing mendhet the gya metu, lan kang ibu medal alon.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Arsa manggihi tamu, Jit Cing tandya angaturken gupuh, eteh wangi asegah mring tamu neki, sarwi atur kurmat, Kyong Cu sang tamu tampi nabda lon.

Ya Jit Cing jeneng ingsun aweh slamet mring ibu nireku, tinebihna sadaya nireng sasakit, pinanjangna yuswanipun, antuk kaberkah sang katong.

Sang retno mangsuli rum, inggih tamu kula sanget nuhun, pamujnyan tamu gi Aloh ana idi, nedya mangsuli sang ayu, pan saking mlebet kemawon.

Apan wus adatipun, nagri cina kalamun wong kakung, lan pawestri lamun dudu akrap neki, nora kena sapa temu, jejagongan sami lunggoh.

Iya larangan agung, mila iku Jit Cing ibunipun, denya imbal wacana lan dayoh neki, sang buripin tan kadulu, samana ngintip sang sinom.

Iya sri tamunipun, pan katingal cahyanya sumunu, ujwala ning prabawa pan amrabani, sajroning wisma ngunguwung, tonda yen jalma kinaot.

Osiking tyas sang ayu, tamu iki nyata yen linuhung, dudu jalma sembarangan mesti iki, meksi tedhaking wong agung, kang sekar pocung gumantos.

Sang nalamur aris angandikanipun, bok ayu putranta, inggih sun Jit Cing punniki, ing samangke sampun pinten wusma nira.

Tingalipun, lantip samubarang kawruh, lah kenging punapa, boten ing ngajar kenenggih, kasusastran lan sanesing pangawikan.

Dadya besuk, wigya sakalir pangawruh, bok manawi benjang bisa atampi kamuktin, antuk pangkat saking kangjeng sri narendra.

Sang retno yu, duk myarsa mangsuli arum, inggih sang sudibya, Cyu Jit Cing wusma nireki, gangsal warsa lumampah punika.

Duk rumuhun, inggih sampun ajar kawruh, dateng kasusastran, Jit Cing pancenipun lantip, ing samangkya sakedik-kedik wus bisa.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Dateng sastra, nanging Jit Cing kajengipun, boten renna ajar, inggih kawruh dateng tulis, kang sinedya ajar prawiran ning yuda.

Milanipun, saben dina tansah kumpul, mring para mitranya, ajar solahing ngajurit, lamun myarsa wonten sujalma prakosa.

Prawira nung, tan kewran gelaring pupuh, pan lajeng kewala, Jit Cing ngajak rowang neki, sami angguguru mring kang sudireng prang.

Milanipun, yen pareng karsa pukulun, kawula aminta, pitulung ta kang sayekti, anak kula inggih pun Jit Cing punika.

Kula dateng paduka pukulun, mugi den mulanga, dateng panggawe utami, dra pon benjang wageda tampi kamulyan.

Sang ngaprabu, suka angandika arum, bok ayu putranta, inggih pun Jit Cing puniki, yen paduka lega lila srussing driya.

Kula tumut, mring Jit Cing angambil sunu, awit kula mangkya, wonten khwasya tumut maring, sang Law Yong punggawa geng lenggah ira.

Namikun kita E Agsu punggawa gung, binapa mring nata, saking kajeng kula benjing, estu waged anuwunken kalenggahan.

Dateng Jit Cing makaten punapa rujuk, lan karsa paduka, sang retno kalanya myarsi, langkung bungah lir manggih retno sak arga.

Nabda sokur, nuwun inggih bagya sewu, yen paduka karsa, mundhut putra dateng Jit Cing, pan rumangsa tan bisa males kawula.

Sing kadarman, paduka ingkang dumawuh, gya sang retno agya, mring putra ken sojah kuwi, mring tamunya tondha yen wis ngambil putra.

Sanalamur dahat suka nireng kalbu, gya ngambil sang nata, sajuga musthi ka adi, sinungaken mring Jit Cing pinongka tondha.

Tondha lamun, Jit Cing yen wus ngambil sunu, temah katri nira, nutug sami sukeng galih, nanging dereng ana wikan yen tamunya.

Gih puniku, panjenengan sang orabu, ya ta sang kusuma, arum a tatanya aris, jeng paduka yen arsa tindak gya na praja.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Yen puniku, Jit Cing ken derek maring sun, gih luwih prayoga, nanging sing paminta mami, bok ayu ywa melang-melang driya nira.

Dene Jit Cing inggih kula ajak, nglangut dateng lyan nagara, sang retno mangsuli aris, kula sampun lega lita trusing driya.

Sakarsanta, kawula namung jumurung, yata sang kusuma, dawah kinen saji-saji, mring abdinya ana ta sagung dhaharan.

Ing wektyeku, pukul gangsal wancinipun, Jit Cing lan sang nata, nulya sami dahar kalih, sasampunnya linorod sagung rampadan.

Sang nalamur, tandya pamit arsa nglangut, andugekken lampah, Jit Cing sigra manjing wingking, pamit marang ibunya, angroning kamal.

Saenipun Jit Cing inggih dimen tumut, nderekken paduka, salampah ywa nganti kari, dadya wonten rowang paduka lumampah.

Sang nalamur, alon pangandikanipun, bok ayu kularsa, tindak mring Lam Khya nagari, lan ningali sanes-sanesireng praja.

Sojah kuwi mring ibunya, anuwun pangastu neki, kang ibu alon ling ira, kulub sun paring basuki, eh ayu nireng margi, ywa ana sing sayanipun, lan poma wekasing wang, sira dipun ngati-ati, aneng paran ywa nganti karya wisuna.

Kang putra umatur nembah, gih ibu ywa walang galih, tar les pangastu paduka, ingkang amba pundhi-pundhi, lawan panuwun mami, mugi jeng paduka ibu, inggih sampun sungkawa, rehning amba tilar anis, boten lami anuli wangsul kawula.

Wusnya Jit Cing apamitan, lan ibunya tandya mijil, panggih lan sang namur lampah, kalih budal lira aris, tan dangu sampun prapti, Ki Lam Lau pondhokipun, ing nguni sri narendra, nyare neng ngriku saratri, enjing nira wusya dahar gya sang nata.

Ambayar sambutannira, kang kriyin lawan pamangkin, wusya amit nulya budhal, prapto sajawining desi, Swi Lyong Cin ana margi, ingkang anjog nagara gung, Ae Pik Wan namanya, kalih nglajengken lumaris, tan nadangu wus prapto jroning nagara.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Ing sirki yen wayah ira, sang nata nulya ngulati, podhokan ingkang prayoga, tan dangu praptawa meksi, ana suwe sa adi lawan ana tulisipun, Jin O Yong i jarwanya, ngriku enggone wong becik, pamondhokan sadayanya pra sudagar.

Sang nata suka tumingal, tandya manjing jroning panti, kaleresan rencang ira, kang jagi pondhokan lagi, nyapu angreresiki, meja-meja duk andulu, ana tetamu prapta, gupuh denya mendet cangkir, atur segah eteh mring tamu kalihnya.

Wektyaku dalu wancinya, neng pondhokan sami guling, byar enjing wus sira dahar, sang nata tatanya aris, marang tukang ngladeni, kene apa sira weruh, enggon ingkang prayoga, akeh lelangen nireki, awit ingsun arsa atindhak cangkrama.

Kang dinangu lon atur ngriki salebeting nagari, boten kirang tetingalan, kang karya rena ning galih, awit naracak sami, gedhong-gedhong pinggir lurung, sadaya pelak-pelak, tur asri narenggan neki, napa malih toko-toko boten kirang.

Barangnya sami gumelar, sutra pangsi warni-warni, sapa malih yen sudagar, kasetindak mariksani, King Tin Cwa Lao nami, griya pamondhokan agung, dene ingkang kagungan, raden Yap King Cwang wawangi, putra nira Tetog Yap Swa Ang punika.

Tetog iku ageng lenggah, lin nan jendral sami neki, angrah wadya bala tontra, aneng Ae Pik Wan nagri, mangkana turnya malih, yen sudagar karsa dulu, saestu boten cuwa, saking sri rarenggan neki, wonten malih raden Yap King Cwang ayasa.

Suyasa ageng kaliwat, rina rengga lir swarga di, tinaneman kembang-kembang, puspita di monca warni, lotengnya langkung inggil, ing twa lau namanipun, rina rengga murwendah, tanpahe karaton aji, nanging saben nari Yap King Cwang rahadyan.

Tedhak mring ku saabdinya, akasukan ngunjuk awis, saben ari mangan enak, kalamun sudagar apti, inggih arsa mriksani, ngentosi lamun Yap King Cu gih dereng tedhak mrika, awit sanesipun jalmi, den larangi boten kenging yen manjinga.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Enggone Yap King Cyang radyan, upami sudagar bakit, manjing mriksani tanaman, lan loteng-loteng ngireki, saestu reneng galih, yen tinimbang andu dulu, dateng sanesing praja, mariksani ping sedesi, tindak mriku dadyan umyat mung sapisan.

Estu karya sukeng driya, saking sri rerenggan neki, tanpahe pura narendra, o sudagar saupami, kula criyos na sami, asri renggaing wawangun, manawiti gang dina, inggih dereng waged enting, sang nalamur myarsa mesem ing wardaya.

Wasana rum abdikanya iya ing saiki mami, arsa tindak mriksanana, Yap King Cyang dalem ireki, rencang umatur malih, kaleresan niki wektu, sudagar mirsanana, awit Yap King Cu manawi, tedhak mrika wanci enjing kundur ira.

Mring dalemipun kang rama, bedhug lan sagung pra abdi, sonten wanci jam sakawan, Yap King Cu pan wangsul malih, kasukan-sukan ngenting, nganti dalu konduripun, wanci niki kleresan sudagar tindaka aglis, mariksani nanging ywa nganti kapapag dateng Yap King Cyang rahadyan, tan wurung manggih bilahi, desa mantuk-mantuk nulya, manggihi kang darbe panti, sarwi tatanya aris, kisanak sinten rannipun, wit kularsa cangkrama, kula titip gawan mami, dimen wonten ngrikiha ywa nganti ilang.

Boten dangu tindak kula, inggih lajeng wangsul mring mriki, kang darbe wisma nabda, kula pun Cyu Ong wawangi, de punika kang linggih, ing inggih aneng tepi pintu, puniku ipe kula, arinipun bojo mami, nami gyam ling sudagar sampun sumelang.

Botennipun lamun ilang betan dika wonten ngriki, lamun arsa dolan-dolan, ing wanci iki prayogi, mangke yen wangsul mriki, sampun ngantos dalu-dalu, nata sagah lan tanya, ing hwa lao pernah neki, Cyu Ong dedah aepike enggonnya.

Ing hwa lao langkung pelag tan nana ingkang tumandhing, nata wuwuh sukeng driya, myarsa tur ring tukang bakmi, tandya ngajak Cyu jit Cing, tindak nurut ing marga gung, kalih tansah rerasan, ngalem asrining nagari, toko-toko gumelar anggula drawa.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Tangeh lamun winarna nemg tulis, harjanira praja Ae Pik Wan, mangkana tindak sang rajeng, saking doh wus kadulu, suya sadi munggul kaeksi, langkung inggil lotengnya, pinarpeken gupuh, sang nata entyarsa umyat, griya pamondhokan santosa tur becik, King Tin Cyu Lao nama.

Lawan akeh rarenggan nireki, marmar elur-selur kang tumingal, prajalma tan na pedhote, saking ascarya dulu, yata wau sri naranati,manjing ing lawang umyat, kanan keri pintu, tinaneman kemabng-kembang, monca warna mungging ing pot beling sami, yata wau kalihnya.

Prapteng jrambah ngriku keh sujalmi, ingkang sami lenggah samya dahar, sinambi macit arake, nata karsanya laju, minggah loteng lawan Cyu Jit Cing, nanging pinenggak lawan kang jagi ing ngriku, sarwi mesem wuwus sira, eh sudagar reh sampeyan teka keri, samangke wus tan angsal.

Panggenan kang kinarya abukti, benjing ngenjing kewala wangsula, kang radi enjing marene, dika pribadi weruh, teksih katah wong kang ngenteni, inggih selaning papan, sang nata duk ngrungu, kang jaga turnya mangkana, nabda aris eh batur ingsun tan napti, dahar lan ngumbe arak.

Praptaning sun aneng kene iki, prelu arsa ningali waking wang, loteng ing Hwa Lao bae, dene banget kasuwur, bagusipun tan natumanding, marmengsun lilanana, minggah marang luhur, iya sapisan kewala, ngarah apa mengko sun paringi picis, rencang kalanya myarsa.

Lamun arsa den preseni dhuwit, temah melik mangkana aturnya, gih sudagar sakarsane, dika minggah mring luhur, nanging dika poma ywa nganti, neng loteng karya resah, lan ywa dangu-dangu, bok konangan gusti ning wang, dyan Yap King Cyang sabennya yen rawuh ngriki, wus mesthi yen jam papat.

Lamun nganti kadengangan mami, boya wurung kula ginebugan, sang namur lon wangsulane, sira ywa walang kalbu, mesti ingsun wus ngati-ati, ywa ngati karya susah, ya maring sireku, wis enggal sira munggaha, marang loteng ingsun tut wuri ing wingking, rencang gya lumaksana.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Minggah loteng nata lan Cyu Jit Cing, ngetutaken aneng wuri nira, tan dangu prapta lampahe, rencang gya buka pintu, lawang ira lotengan nenggih, kalih umanjing sigra, prastawa sang prabu, tumingal rarenggan ira, sampat-sampet sapira aboting kang panti, tur sarwa wus sadaya.

Tembok-temboknya sela cendhani, tur ginosok alus kadya kaca, gumebyar padhang prabane, tumeja angunguwung, loteng sinung paseban adi, nira rengga murwendah, ing ukir bramurub, saka sadaya pinrada, lawan wonten tulisan ungali reki, ing Hwa Cun I mangkana.

Sang aprabu kalawan Cyu Jit Cing, temah karenan umyat rarenggan, kalih tan nana tuwuke, mider-mider sang prabu, amirsani kang kebon seri, puspita moncawarna, sumrik gandanya rum, taman sinunggu nung anak, kiwa tengening loteng isthanya kadi, prabata kang sanyata.

Gunung kalih ing nginggili reki, sinung umbul kang pinindhak tlaga, moncar sumirat toyane, tinalang ilinipun, angelebi kang sari-sari, marga saking lotengan, yen arsa mring gunung, kinerteg gantung kalihnya, tepi nira kang pinindhak arga siwi, tinaneman wit-witan.

Bebanjengan marma sabenira, langkung edum nora kena panas, ayom-ngayomi slawase, inng ngriku unggyanipun, yen ngayomken sarira neki, nenggih ing mongsa panas, rahadyan Yap Kong Cyu, lawan sagung pra abdinya, aka sukan sasendhon sinawung gendhing, tangeh winarneng gita.

Sri langene ingkang taman sari, yata wau sang nalamur lampah, lawan saang Jit Cing kalihe, minggah loteng kang luhur, pan ing ngriku ngluwihi asri, rerengan lan prabotnya, edi sarwa alus, tepi-tepining lotengan, amepeki tinanduran puspita di, mungging pot warna-warna.

Ana ijo kuning lawan putih, pulasira akeh warna rupa, sineling-seling prenehe, pot beling lan lyanipun, ana gelas kang kinardi, ing ngukir ponca warna, yata sang a prabu, manjing jrambah ing lotengan, aningali meja kursi amepeki, ing ngukir langkung pelak.

Pan angrawit katara manawi, kang anganggit yen jaalmaaa sujana, tinutup bludru kursine, lan wonten kanthilipun, saking selaa ingkang

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

kinardi, sinelang lawan denta, ing ukir apatut, salebetireng lotengan, apan kebak pratima mas mawarni-warni, yatanya jalma kuna.

Pan kinarya rerengganing panti, sri narendra ngalem jroning driya, omah samene gedhene, prabotira acukup, tur ta sarwa apik lan peni, yata sri maharaja, wus sira dudulu, tumingal ana panggenan, langkung resik gumri ning luwih prayogi, kinarya alenggahan.

Wus cumepak meja lawan kursi, sri narendra suka angandika, mring rencang kang derekakae, kena apa sireku, mau muni tanna gon sepi, lah iku kursi meja, tan nana wongipun, pantes ingsun kang ngagema, sabab apa mau sira tan atur wrin, duk ingsun lami prapta.

Apa arsa sirang go pribadi, kang mangkono yekti ora kena, lah mara sira samangke, nyepak-nyepakna gupuh, dhedhaharan kalawan awis, samene ingsun arsa, dhahar lawan ngunjuk, sapira arega nira, ingsun bayar lawan mengko sun preseni, picis kang luwih kathah.

Rencang myarsa pan dadya sang aji, kang mangkana dahat ngunguning tyas, sarwi deg-degan wuwuse, gumeter saking takut, nabda ngesah lo kados pundi, niku kursi lan meja, pan cawisanipun, gusti rahadyan Yap King Cyang, mangke ejam papat mesti rawuh ngriki, samangke wus meh dungkap.

Inggih prapta nira gusti mami, lenggah dhahar lawan ngunjuk arak, lah sudagar kaya priye, dika mudhun den gupuh, sampun nganti konangan mangkin, tan wurung manggih papa, dika lan wak ulun, saderengnya dika minggah, dhateng loteng kula apan wus prajanji, ywa nganti megat nyawa.

Aaneng loteng inggih sampun dangu-dangu, yen konangan gusti mami, tan wande dika lan ulun, kalih sami manggih sisip, sisip tembirnya linayon.

Wasananya paduka cidra ing wuwus, malah arsa ngunjuk awis, dhaharan cawisanipun, Yap King Cyang rahaden pekik, kula dahat tan ngretos.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Sing karsa nta inggih mangkono puniku, sapa dika bosen urip, lah mara muduna gupuh, sang namur kalanya myarsi, sabda ing rencang mangkono.

Ora ajrih marang pinjenengan ingsun, jeng sire kudu rung uning, iya marang asma ingsun, wus sirang ngling sri bupati, rencang pinarpekan gupoh.

Gya cinekel tangan kalawan sukunipun, rinangkus dadi sawiji, lir nyekel ayam tumurun, rencang datan bisa osik, sarwi nabda sru sang katong.

Lah ta apa sira manut karsa ingsun, yen ora mesti sireki, mati balungira ajur, sun uncalken marang siti, rencang ajrih bengok-bengok.

Dhuh sudagar mangke kawula anut, sakarsa nira umiring, nanging amba nyuwun idhup, sang nata suka miyarsi, rencang ing nguculken alon.

Sarwi nabda lah mara wetokna gupuh, dhaharan kalawan awis, away sumelang ing kalbu, lamun gusti nira runtik, tempuhna dhewe maring ngong.

Rencang nulya ngungsungi sadayanipun, dhaharan kalawan awis, cawisanira Yap Kong Cu, tinata neng meja sami, nulya wau sang a katong.

Lan Cyu Jit Cing kalih sami lenggah ngunjuk, eca denira amacit, mangkana rencang winuwus, ananjangi rowang neki, kinen gupuh atur weroh.

Mring Yap King Cu yen wonten mong gawe rusuh, kakalih sudagar manjing, mring loteng lajeng angunjuk, awis lan dhaharan neki, cawisan gusti sang anom.

Kacarita nenggih sang Yap king Cyang Kong Cu, punika putra nireki, Yap Swa Ang punggawa agung, de Ton Kun Bun lenggah neki, ngreh wadya bala sang katong.

Kang minongka senapati nagri ngriku, nanging atine tan becik, mur kacandhala ambek dur, sawenang-wenang mring jalmi, tan pegat agawe rusoh.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Bedhang bojoning nguwong lan anakipun, tuwin angrampasi sabin, jarah ngrayah karemipun, marang darbeke wong cilik, ngegungaken geng kang lungguh.

Tiyang praja Ae Pik Wan ngriku, sadayanya kekes wing wrin, tumingal marang Yap Keng Cu, saharsa-arsanya dadi, enggonira gawe rusoh.

Bapa anak kalih ira sabiyantu, den nira jail ngutakil, marma sugihnya kalangkung, maewu maketi-keti, brana pirang-pirang gedhong.

Iya mula nira bisa yasa iku, ing hwa lau lir swarga di, rapenggan lan wangunipun, saking denya angupusi, jarah ngrayah darbek king wong

Saben nari Yap King Cwang pakaryanipun, akasukan lan pra abdi, kang sabyantu alaku dur, marang ing hwa lau sami, byang-ubyung ngandhatan pedhot.

Akasukan-sukan dahar lawan ngunjuk, ing ngari puniku lagi, Yap King Cu neng dalemipun, siniwi ing para dasih, anggepe lir putra katong.

Kamuktennya miwah kawibawanipun, tanpahe putreng narpati, tan na wang sariranipun, mung ngegungken sugih duwitnya sapa sira sapa ingong.

Kumalungkung digung tan weruh sipengung, yen bakal prapteng bilahi, iya ing dina puniku, jer nora weruh ing dhiri, keneng sikuning ywang manon.

Alantaran saking kangjeng sang aprabu, samana Yap King Cu lagi, lenggah siniwakeng wadu, kagyat abdi nira prapti, dumrojog nembah turnya lon.

Duh rahadyan kawula ngaturi weruh, bilih wonten jalma prapti, sudagar kalih keh lipun, dateng ing ywa lau gusti, neng loteng akarya rusoh.

Angrampasi dhaharan sadayanipun, cawisan panduka gusti, pinenging meksa amberung, malah karsa amateni, mila gusti dipun gupoh.

Aiwa nganti kalayatan, jeng paduka radyan tedhak kaaglis, amikut kang gawe rusoh, kang sanget kurang ajar, mring paduka Yap King Cyang nalika ngrungu, aturing abdi mangkana, ngadeg saking denya linggih.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Krodha asruha parentah, mring pra abdi mepag gegaman neki, lawan sagung gurunipun, samya sikep sanjata, winatara kathah ira wonten satus, gya budhal raden Yap King Cwang, ginarebeg para dasih.

Solahnya lir nglurug aprang, tan nadangu hwa lau wus prapti, rahaden parentah sampun, mring para prajurit, kinen nyegat sakatahing pintu-pintu, aiwa nganti bibsa gagal, iku sidruha kakalih.

Mangkana dawahnya radyan, lamun ingsun prentahken nyekel kalih, iya pikuten den gupuh, lamun sun prentah medhang, iya banjur patenana kalihipun, lamun nganti bisa gagal, ngendi ingkang den margani.

Iku dadi liru nira, dene ingkang bisa amikut kalih, ingsun ganjar baranagung, lah poma wekasing wang sapa wani kabeh nrajang walering sun, mesthi ingsun ukum kisis, sawusnya dawah pradasih.

Yap King Cyang anulya minggah, marang loteng lan sagung guru neki, saprapta nira ing luhur, radyan prastawa umyat, wong kakalih lagi enak-enak lungguh, mangan enak ngumbe arak, kang siji maksih taruni.

Sajuganya sawangannya, yuswa patang puluh warsa tan luwih, Yap King Cyang nalika dulu, duku mawinga-winga, sru manabda dhik ah wong kalih kapahung, baya sira bosen gesang, apa tan kulak pawarti.

Lamun rahaden Yap King Cyang wus kasuwur liyan-liyan nagari, lamun sugih barana gung, prawira widikdaya, sumba geng prang tur akatah dasihipun, eh bangsat sira ngakuwa, sapa aran nira kalih.

Lan ngendi pinangkan nira, dene wani ngrampas daharan mami, ngenak-enak padha lungguh, eh takecu alasan, ing samengko padha nembah amaring sun, lamun ora mangkanoa, tan wurung yen sira mati.

Kataman ing pedhang ingwang, ya ta rencang ira tukang ngladeni, weruh lamun gustinipun, prapta saha gegaman, tandya mendhak nembah anungkemi suku, ririh ngrarep atur ira, duh gustiku sang linuwih.

Pun dasih nuwun ngapura, saking tiwas inggih amba anjagi, cawisan dalem pukulun, awit tiyang punika ambekunung amba pekak meksa darung, kula arsa pinejahan, tarlen ngapuranta gusti.

Ya ta sang mimba sudagar, lan Cyu Jit Cing kang lagi eca linggih sinambi dahar lan ngunjuk, umyat kathah sujalma, sami sarta lan gegamanipun, nora pisan katon maras, malah kalih sukeng galih.

Keplok-keplok asta nira, radyan niku jalma kang samya prapti, lir sardula solahipun, lawan ana katingal, jalma mudha panganggonya sarwa murub, lumampah ngarsa pribadya, iku ingkang den sungkemi.

Lan sinuwunan ngapura, marang rencang kang jaga nglaladeni, nata wus grahita lamun, iku raden Yap King Cyang, de praptanya kroda lan sru wuwusipun, mangundhat angunda mana, marang sarira nireki.

Nanging sang nalamur lampah, mesih ayem lenggah alon mangsuli, sarwi mesem sabdanipun, eh raden piyarsakna, inmgsun nami Ko Tyan Su dene puniku, Cyu Jit Cing putrengsun angkat, prapta ningsun kene iki.

Muhung lelangen cangkrama, lan mirsani iya taman niraki, lan sinambi dahar ngunjuk, kabeh cawisan nira, wus pun pangan entek ing mangke sireku, prapta angirid wong katah, sarta lan gegaman neki.

Iku sinarsa punapa, luhung mangke kabeh iku den aglis, kon nembah sujud maring sun, dadya tan antuk dosa, sun ngapura lah gugunen wuwusing sun, dene enggoningsun dahar, sapira rega nireki.

Iya kabeh aku bayar, lah tahu wis padha mundura aglis, lamun sira nora manut, iku parentah ingwang, nora wurung kabeh padha ingsun bunuh, padha samengko kewala, yen cidra awuwus mami.

Aja sira undang loyah, dyan Yap King Cyang kala nira myarsi, saya sanget dukanipun, rumupak pan peksarsa, cumekella marang wau kalihipun, guru-guru myanga dasihnya, sadaya ngrubut sang kalih.

Cyu Jit Cing lawan sang nata, kalih sami ngadeg ing gennya linggih, nanging ing driya margiyuh, dene tanpa gegaman, mong kamengsah ira bareng dennya ambyuk, rumuket rumupek ing prang, arsa mikut ri sang kalih.

Sang nata gugup ing driya, dadya kursi cinandak karya tangkis, singa maranipun kepruk, ingkang cedhak tinendhang, kureng kang

nganmengsahnya datan pakiwul, Cyu Jit Cing mangkrak sarosa, tan nedya mundur ing jurit.

Nyandhak kursi amepek mengsah ira, ingkang tinrajang ngisis, bubar ting salebar, Yap King Cyang guru nira, sajuga kinepruk karsi, dening sang nata, nibang siwi tan eling.

Sang Yap King Cyang wru yen gurunya kasor prang, duka yayah sinipi, mara narik pedhang, mrepegi mring sang nata, sarwi sru sabda nireki, kecu alasan, tan wurung sira mati.

Katibanan pedhang sun mongsa mindhoa, prawitna sri bupati, duk pedhang lumarap, sinarengan cinandhak Yap King Cyang tangan nireki, tinarik tiba, rinangkus suku kalih.

Lan tangannya Yap King Cyang tan bisa obah, nata sru den nirang ngling, sireku kaparat, dadi amaning praja, gawe susahe wong cilik, mengko rasakna, iki pamales neki.

Gon mukarya sawenang-wenang mring jalma, tandya Yap King Cyang nuli, binuwang mangandhap, saking inggil lotengan, pejah ajur wangke neki, sawalang-walang, ya ta gurune sami.

Lan abdinya tumingal gustinya pejah, kekes lumayu wingwrin, bubar asasaran, wonten mlajeng tur priksa, marang Yap Swa Ang manawi, Yap King Cyang pejah, ya ta kang lagi jurit.

Sri narendra lawan, Cyu Jit Cing tumingal, mungsuhnya sami ngisis, sang nalamur nabda, payo kulub den inggal, kang jaga neng pintu sami, ginitik ing prang, dra pon bisa amijil.

Saking ngriki Cyu Jit Cing matur sandika, kalih gya nyandhak kursi, kang jagi wiwara, wruh mengsah arsa medal, sakedap mapag ing jurit, nanging tan kuwat, temah lumayu ngiris.

Asasaran suka tumingal sang nata, kalih tumurun aris, mring loteng kang ngandhap, ngriku manggih sang nata, gaman golok de sang Jit Cing, uga amanggya gegaman Ti Cyo nami.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Kalih suka temah nir was-was ing driya, de manggih gaman sami, gya mudhun mangandhap, sinapag marang mengsah, kinrubut wau sang aji, nanging tan kewran, singa kang celak mati.

Myang kataton sinigeg kang lagya aprang, Yap Swa Ang kang winarni, duk lagi kasukan, ing ngadep pra selirnya, ayu-ayu tanpa wilis, tarap neng ngarsa, gamelannya ngrarangis.

Sisindenan swara rum lir madu brata, ngengantut-atut ati, Swa Ang suka dahat, cipta nireng wardaya, mukti lan wibawa neki, punjul sasama, sama nireng dipati.

Duk lagye calenggah mirengken pradongga, kagyat dumrojog prapti, dasihe kang putra, matur lan megep-megep, duh gusti atur bilahi, putra paduka, Yap King Cu angemasi.

Kwan dadya ajur datan pakukupan, awit ing loteng gusti, ing hwa lau ana, jalma akarya resah, mung kalih katah ireki, putra paduka arsa mikut punjuti.

Nanging lajeng winandak binuwang ngandhap, pejah tanpa ngudhili, de konca kawula, sadaya mangrubut prang, marang sang druhaka kalih, tuhu sudira, prawira ing ngajurit.

Pun druhaka boten kenging pinarpekan, kang maju-maju mati, mundur nandang brana, samangke wau jalma, maksih kinepung sing tebih Yap Swa Ang myarsa, turing dasih kadyeki.

Sanalika sumaput dawah ing kisma, kagyat kang para selir, samya angraupa, umyung para wanira, swareng tangis ting njalerit, dupi antara, satengah jam anglilir.

Singkan taka Yap Swa Ang ririh karuna, sesambat melas asih, aduh putra ingwang Yap King Cyung dene sira, siya-siya manggih pati, lah kaya ngapa, uwongnge kang mateni.

Tandya asru tanya mring kang atur mriksa, kapriye purwaneki, de putreng sun ngantya, iya tekeng palastra, apa kancanira sami, tan nana ingkang, ngrowangi putra mami.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Abdi nembah pukulun sakonca amba, inggih samya ngbyuki, angrubuting ngaprang, nanging katah kang pejah, tuwin ingkang nandhang kanin, mila samangkya namung kinepang gusti.

Kinakalang sampun nganti bisa gagal, mila gusti den aglis, paduka ngiridda, inggih kang wadya bala, amikut kakalih jurit, males sedanya, putra tuwan sang pekik.

Sampun nganti kadangon embok menawa, bisa gagal pun jurit, Yap Swa Ang myarsa, turing dasih mangkana, de trandik anggedruk siti, jajan nira bang, koda mati ngapengis.

Tandya manjing ing dalem ngrasuk busana, kaprabоning ngajurit, lan undang-undang ing wadya, kinen samekteng wuda, wadya darat lan turanggi, tan dangu budal, Yap Swa Ang nitih wajik.

Angedangkrang ginarbeg ing wadya bala, lir tuhu nglurug jurit, swara sira umyang, tambur suling lan kendang, gumredeg lampah ing baris, aririkatan, kapungkur dalem neki.

Tan dangu lampah wus prapta, sang Yap Swa Ang sawadyabala neki, sing tebihan wus karungu, swarane kang samya prang, sang Yap Swa Ang nulya minggah marang gumuk, katingal kang bondayuda, wong kalih kinubrut jurit.

Nanging kang ngrubut kasoran, akeh pejah tuwin anandang kanin, temah mawut samya mundur, ya ta sang kinrubut prang, duk ningali mengsah ira sami mundur, ngangseg sedyanya yus medal, marang jawi baluwarsi.

Yap Swa Ang eram tumingal, dene kalih langkung prakosa neki, nulya prantah balanipun, ingkang nitih turongga, kinen bantu mikut marang kalihipun, gumredeg dadya kapalan, tinadahan mring sang kalih.

Agu katah kang palastra, saku dadya mati tan angudili, Yap Swa Ang tumingal ngungun, tandya prentah ing wadya, kinen masang piranti tali puniku, kinencang-kencang kisalar, sama wawahung sang kalih.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Lumayu supaya kena, ing piranti kenging pinikut urip, ya ta wau sang aprabu, tan pegat pangamuknya, lan Cyu Jit Cing lir sing amet mangsanipun, singa kang tinrajang bubar, mangkana wau sang aji.

Pan wus grahi sang wardaya, yen Yap Swa Ang ngirid bala nireki, tandya dawah sang aprabu, Jit Cing kinen sarosa, anggitik prang ocal marga arsa metu, awit akaroban lawan, mengsah saya gung kang prapti.

Iku wadyanya Yap Swa Ang, Jit Cing myarsa dawah ira sang aji, mangkrak sarosa bek puron, mukul mring mungsuh ira, tan wiweka duk lumayu arsa metu, keneng piranti sukunya, kalih pisan nibeng siti.

Jit Cing tan bisa lumayar, sri narendra kagyat arsa nulungi, nanging wau sang aprabu, ugi keneng pirantya, suku nira kalih pisan, sang anlamur dawah gumuling ing kisma, Yap Swa Ang wadya nireki.

Tumingal yen mengsah ira kalih pisan samya niba guling ting, gumrubyug sareng den nyambuk, nyepeng sang kalih ira, tinalenan binepta tanpa epandung, Yap Swa Ang sukanya dahat, mengsah ira wus kajodhi.

Tandya undang bala nira, budal mantuk marang dalem nireki, ing marga swaranya umyang, beri tambur lan kendhang, sapraptanya Yap Swa Ang ing dalemipun, lajeng geganjar ing wadya, kang mentas ing ngajurit.

Dene kang sami kapraban, pinaringan jampi sadaya wradin, wondene kang sami lampus, apan pinaring ragad, kinen nanem apa adat caranipun, layonnya raden Yap King Cyang, binekto kondur anuli.

Linebetaken bandhosa, lan parentah sadaya abdi neki, kinen sami ngangge pingul, tondha lamun sungkawa, kacarita punggawa para prayantun, jroning praja Ae Pik Wan, lenggah ageng lawan alit.

Sadaya sami anglayat, sowan dateng Yap Swa Ang dalem neki, lan sami atur panjurung, tuwin pada sembahyang, neng ngajengnaning bandosa ingkang lampus, wus sira lajeng lenggahan, sadaya kang prayayi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRES.COM

Sami anungsun pawarta, prawitanya Yap Kong Cu nganti lalis, Yap Swa Ang ngesah atutur, mula bukaning nalar, nanging jalma nira kalih ingkang nglampus, samangke wus kinunjara, Yap Swa Ang malih sabdeki.

Mring sagung para punggawa, mangkya kula nedha tulung ngireki, si druhaka kalihipun, inggih panginepannya, aneng warung Jin O Yong I namanipun, Cyu Ong ingkang darbe wisma, samangke pikutten aglis.

Anggawaha wadya bala, sabarange jarah endi pun tapis, sandika kang sinung dawuh, budal sagegamannya, tan nadangu pun, Cu Ong sampun pinikut, linebetaken kunjara, barang ngeji sarah enting.

Katujunya ipen nira, Swam Ling saweg kesah tan nana panti, yen ana amesti katut, linebetken kunjara, ya ta Cyu Ong sanget den nira angungun, nora wruh prawita nira, cinepeng tan padoseki.

Duk prapto jroning kunjara, kagyat umyat de tamu nira kalih, wus binelok aneng ngriku, Cyu Ong aris tatanya, lah kisanak dene dika binalenggu, punapa prakara nira, kula niki gih tan dugi.

Badan kawula binesta, darbek kula kabeh jinarah enting, sang nata mangsuli arum, lan tutur nalar ira, bilih amejahi marang sang Yap Kong Cu, Cyu Ong kalanya myarsa, kagyat ing tyas estu ajrih.

Gumeter ngesah wuwusnya, o ah blahi yen makaten puniki, dene dika mipurun, mejahi dyan Yap King Cyang, boten wande inggih sami dipun lampus, dumateng de ton Yap Swa Ang, kanthi adiling nagari.

Sang nata myarsa manggut, sarwi ngandika nira ris, leres Cyu Ong sabda dika, tan wurung sami bilahi, nanging umami anaha jalma kang kena tinuding.

Mring Khwa Shya aneda tulung, mesthi lamun bisa urip, ananging samangke sapa jer nora nana sujalmi, apa maneh sun pribadyo, iya ingkang klebu sepir.

Dadi wus tan bisa ngrebut, mrih luwar sing bilahi, nanging mungguh awak ingwang, sanadyan prapto ning pati, iya nora dadi ngapa, uwis sun jarag pribadi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Namung ingkang gawe mesgul lan karya renceming ati, iku Jt Cing putra ningwang, becik-becik aneng panti, rumeksa wong tuwa nira, wasana melu mring mami.

Katut keneng prakara gung, tan wurung den ukum pati, sun kang karya siya-siya, manggih duraka ning widdhi, Cyu Ong kumembeng waspanya, sabda nira awor tangis.

Napa malih lir wak ulun, nora weruh ika iki, ngenak-enak amber dagang, kumpul lawan anak rabi, tan dosa katut kewala, banjur linebokken sepir.

Tan wurung den ukum lampus, sudagar ingkang akardi, cilaka wong pirang-pirang, Cyu Ong sarwi brebes mili, sang nata wuwuh duhkita, ribet ribeng jroning galih.

Rencakeng tyas awulangun, ya ta Jit Cing matur ririh, duh jeng rama ywa sungkawa, anggalih dateng pun Jit Cing, sanadyan praptaning pejah, amba nedya anglebuhi.

Dumateng ing jeng pukulun, tan suminggah prateng pati, nata myarsa mangkana, ngeresing tyas lir jinahit, mendel datan pangandika, jroning tyas nanedeng widdhi.

Mugi antuka pitulung, mangkana cipta niraji, lamun sun niki sanyata, ratu kekalih ing widdhi, sayektine mesthi bisa, lwar saking ing bilahi.

Ya ta tan antara dangu, wonten jalma manjing buwi, yeku Cyu Ong ipe nira, adine bojo nireki, nami Gyam Lling sarwi beta, sekul ulam karya ngirim.

Marang ing Cyu Ong puniku, mula nira bisa manjing, iya marang ing kunjaran, awit akeh besel neki, marang kang jaga sepiran, nata waspada ningali.

Tan pangling lamun puniku, Gyam Ling Cyu Ong ipe neki, sukeng tyas marwata suta, rumongsa yen bisa urip, antuk pitulung ing sukma, wasana nabda mring Jit Cing.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Eh kulup antuk pitulung, ika Gyam Ling manjing ngriki, dadya anak kang sunduta, iya mring Khwa Shya saiki, mesthi lamun bisa luwar, nora nganti tekan pati.

Jit Cing myarsa sabdanipun kang rama tandya tumuli, praptawa Gyam Ling sanyata, kang prapta sajroning buwi, Jit Cing tumut sukeng driya, mangkana nalika Gyam Ling.

Panggih lan Cyu Ong puniku, tyang kalih pijer anangis, pating slenggruk lir wanita, kararan tan jroning ngati, kaliyh tan bisa caturan, mung eluhnya adres mijil, tandya wau sang nalamur, na ketingal dika aris, lah pada sira mendela, aja ta pijer anangis, iku tan nakarya nira, awit puniki pun Gyam ling.

Iya arsa ingsun utus, marang prajanya sang aji, Khwa Shya minta pitulungan, nanging poma wekas mami, ywa na ingkang wara-wara, iya prakara puniki.

Lan sira aja natakut, nadyan dosa geng sawukir, mesthi uwuk tanpa dadya, lah Gyam Ling sira den aglis, nyiliha mangsilan, dlancang Gyam Ling nyambut tukang buhi.

Dalancang lan mangsinipun, sang nata tandya anulis, nawala wus sira dadya, pnaringaken mring Gyam Ling, nata bibisik sabdanya, puniki nawala mami.

Iya bektanen den gupuh, marang prajanya sang aji, sira wah ana akuda, den rikad laku nireki, yen wus prapta jroning praja, serat wenehna den aglis.

Iya marang Tae Agsu, Lao Yong nama nireki, lawan sira asanjanga, lamun ana Sing Ci prapti, iku Sing Ci jarwa nira, ya na walaning narpati.

Yen sira mungal kadyeku, mesthi Lao Yong pribadi, metu methuk marang sira, sapa nira wala mami, yen sira uwis kapanggya, jarwa asadaya sami.

Ya kabeh prakara ningsun, lawan sanjang ana nuli, aiwa nganti kalayatan, anulungi awak mami, kalamun sira kapanggya, aiwa mundur nganggo wedi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Yen Lao Yong amanggihi marang sira, ya aja wedi-wedi, den teteg tyas sira, mesthi tan dadi ngapa, namung poma wekas mami, iki prakara, sira kang ati-ati.

Laku nira den rikat kuda bandhangna, bisa anuli prapti, aneng kuta raja, ya Gyam Ling sira benjang, ingsun ganjar barana di, de ageng dahat, pitulung ta mring mami.

Gyam Ling myarsa sabdane sang namur lampah, garjita jroning galih, yen mengko baya, iki jeng sri pamasa, katara cah wani neki, amawa teja, kukuwung ngenelahi.

Tan dya Gyam Ling sumujut kuwi aturnya, duh gustiku sang aji, kawula aminta, ngapura jeng paduka, linepat tamu lah sarik, tuhu tan witan, yen paduka sang aji.

Sang nalamur nyandhak Gyam Ling tangan nira, sarwi ngandika aris, lah uwis menenga, mundhak kawruhan kathah, namung sira ing saiki, inggal mangkata, marang Khwa Shya den aglis.

Cyu Ong Jit Cing kalih ira pan tumingal, Gyam Ling sumujud kuwi, lan wuwus ngapura, dadya kalih grahita, yen mangkana baya iki, sri nata dipa, nalamur lir wong cilik.

Ong dahat suka de wardaya nira, wus nyipta lamun urip, sang Cyu jit Cing uga, dahat suka ing driya, de pinundhut putreng aji, samarga suta agenge ingkang galih.

Nanging maksih darbe melang sawatara, bok Gyam Ling lampah neki, durung nganti prapta, aneng ing kuta raja, selak dipun ukum mati, marma ciptanya, tansah nanedeng widdhi.

Ya ta Gyam Ling sawedalnya sing kunjara, nulya anitih wajik, wlarug lampah ira, dateng ing kuta raja, neng marga nora kawarni, ya ta kocapo, nenggih sajuga ari.

Sang Lao yong pinarak ing dalem ira, kagyat kang abdi prapti, kang jagi wiwara, matur yen wonten jalma, baya sowan atur neki, wonten prakara, inggih kang luwih gati.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Sang Lao Yong myarsa anulya medal, wau jalma kang prapti, amundhi nawala, sarwi sruwuwus sira Sing Ci prapti-Sing Ci prapti, Lao yong myarsa, kagyat sumujud kuwi.

Lawan tampi nawala nira sang nata tan dya binekta manjing, dalem ageng lawan, sineleh inggil meja, binuka sinukmeng galih, apan mangkana pocunge kang kinteki.

Jeneng ingsun, duk medal saking praja gung, arsa maring kang lam, cangkrama ningali nagri, lan nyataken saobah osiking praja.

Tindak ingsun duk prapta juga praja gung, iya Ae Pik Wan, ingsun mampir amriksani, sajuganing griya pamondhokan nama.

King Incyu, lao ana malihipun, loteng langkung pelak, ing hwa lao namaneki, aneng ngriku ingsun pethukan sujalma.

Aranipun Yap King Cyang Kong Cu puniku, iya anak ira, Yap Swa Ang de tug kang linggih, reh ning si Yap King Cyang wani kurang ajar.

Marang ingsun, dadya ingsun pukul lampus, ning sudarma nira, si Yap Swa Ang sanget runtik, saksaha wadya bala amikut maring wang.

Mangke ingsun, neng kunjara nora dangu, arsa pinejahan, dene amateni jalmi, sumarmane Lao Yong saprapta nira.

Serat ingsun, angutus sadipun gupuh, kya bude tog lenggah, gan lucin kinen tumuli, anulungi iya marang jeneng ingwang.

Away dangu-dangu yen pelakat lanjur, titi kang puspaka, saking kangjeng sri bupati, sri Gyan Liong Kun wangsul malih nembang durma.

Sang Lao Yong sawus sira maos serat, kampiteng tyas tan sipi, gugup sigra tannya, mring gyang ling prakaranya, tiniti sadaya titi, wus sira terang, Lao Yong nulya mijil.

Mring dalemnya Gan Lucin kalih wus panggya, serat ira sang aji, pinaringken sarta, gugup sang senapatya, de nata keneng bilahi, nulya samapta, Gan Lucin lan prajurit.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Mung wolulas sami anitih turongga, sagegamannya sami, tan dangu gya budhal. Saking ing kuta raja, turongga sinander prapti, pan kadya barat, sinigeg tan winarni.

Sang Gan Lucin ya ta Yap Swa Ang winarna, putra nira kang jisim, sampun kalih dina, inggih dereng pinetak, lamun uwis tigang ari, denyarsa metak. Nata lawan Cyu Jit Cing.

Apan arsa tinigas masta karina, iya kinarya samsing, nyembayangi marang, putra nira kang pejah, awit Yap Swa Ang pan uwis darbe pati, marang parentah nagri.

Lamun arsa anigas wau kalihnya, kangjeng parentah nagri, ugi paring lilah, Yap Swa Ang pamintanya, awit pangadilan sami, tan nana wikan, yen iku sri bupati.

Margi ngaku sami kotyan suka lawan, mangagem lir wong cilik, dadya pangadilan, mung nimbang prakaranya, temen-temen yen geng ling kang sisip, ya ta samana, prapta ing tigang ari.

Sang Yap Swa Ang prentah dateng tukang kisis, sapa kintan kakalih, kinen angetokna, marang ing ngara-ara, wit arsa dipun telasi, kang sinung dawah, kasmaran manjing buwi.

Sang nata lawan Cyu Jit Cing apan wus binekto medal, kalih ggumetre jro tiyase, de arsa den ukum pejah, lan dahat ngarsa arsa, anenggih utusanipun, ingkang dateng kuta raja.

Lamun dangu nora prapti, tan wurung prapteng antaka, sida dipun ukum layon, samana lampahnya prapta, neng tengah ngara-ara, ngriku wus jejeg supenuh, jalma kang sami tumingal.

Tuwin kinubeng ing baris, Yap Swa Ang pribadi uga, amirsani aneng kana, ing ngayap kalerehannya, pra jalma kang tumingal, awelas de nira dulu, mring kang badhe dipun kisas.

Pada renasanan sami, iya lawan rowang ira, mangkana wau wuwuse, saiki jalma sapraja, pada amanggih begya, de wus ilang amanipun, ya iku raden Yap King Cyang.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Lao Thek regeding nagri, ing samangke uwis modar, nanging owel mring karone, iku sujalma prakosa, arsa den ukum pejah, tuhu kuciwa kalamun, yen nora nak wani ngrebat.

Marang sang sudira kalih, tangeh lamun winuwusa, kang nonton rerasanane, samana pan omeh dungkap, wanci nira anigas, mondara kamapan sampun, kantun ngentosi dawah.

Sang Yap SWA Ang apan lagi, arsa kumecap adhawah, nigasa marang karone, kasaru ana kapyarsa, swara kalangkung sora, menggak denya arsa bunuh, marang sang wau kalihnya.

Yap Swa Ang kagyat anolih, medal saking pabarisan, waspada ing paningale, lamun wau ingkang menggak, inggih sang seda patya, gan Lucin den iring sagung, pra manggala jroning praja.

Kira kehnya mung dwi desi, kabeh wah ana turongga, prapta arsa tulung rajeng, sang lao yong ingkang dawah, kinen gal lumaksana, awit kangjeng sang aprabu, aneng Ae Pik Wan praja.

Gih arsa den ukum pati, marma lanyjaran kewala, sang Kyu Bun de tog lakune, nalika umanjing praja, apan mampir sakedhap, wismane prajurit ngriku, kipahe khwa pangkat ira.

Sang Gan lucin, tanya warti, apa tanya ta Yap Swa Ang iya arsa ukum layon, sujalma loro keh ira, kipahe khwa aturnya, inggih leres dina iku, Swa Ang bade nigas jalma.

Gan Lucin kampita myarsi, binendangken kuda nira, sakedhap prapto lampahe, aneng tengah arak-arak, kaleresan sang nata, kirang sakedhap linampus, Gan Lucin ing prapta nira.

Inggal tumurun ing wajik, lawan wolulas manggala, nembah nungkemi padane, marang ri sang namur lampah, lan nguculi bandanya, Yap Swa ang kagyat andulu, muring ring ing driya maras.

Mangkana ciptaning galih, lah ta sapa iku baya, sang Gan Lucin Kyu Bun de tog, dene banjur atur sembah, lan nguculi bandanya, Yap swa Ang tansah angungun, ajrih lamun atakone.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Wadya bala ingkang baris, dedep tan nana sabawa, weruh yen GAN Lucin kuwe senapatinya sang nata, lenggah geng aneng khwa shya, ajrih mendel mung andulu, jroning tyas sami anggagas.

Marang pasakitan kalih, lah tahi yaiku sapa, kawarna wau sang rajeng, dawah mring Gan Lucin enggal, amikut mring Yap Swa Ang, miwah brayatnya sadarum, tuwa anom wedon lanang.

Ywa naka liwatan siji, Gan Lucin nembah sandika, mrepek ing Yap Swa ang age, ya ta wau sang Yap swa Ang, wruh yen Gan lucin prapta, majeng tur kurmat ametuk, Gan Lucin nulya parentah.

Marang prajurit teki, amikut marang YAP Swa Ang, nulya aparentah maneh, Yap Swa ANG sabrayat ira, kabeh kinen ambenda, ya ta lajeng sang aprabu, dawah kinen nelas sana.

Yap Swa Ang sabrayat neki tan nana kari sajuga, kabeh kinethok kardane, suka wong sajroning praja, mumuji mring sang nata, nyirnaken maleng praja gung, malih dawahnya sang nata.

Yap Swa Ang sapati neki, kang kinen gumanti lenggah, de tog ing nagari nasse, ya O Bun ing nama nira, ngelih mring ae Pik Wan, malih dawahnya sang prabu, brana arsa de Yap swa ang.

Kinen ambekto Gan lucin, mantuk marang kuta raja, tuwin kinen ganjarake, Cyu Ong Gyam Ling kalih ira, dahat suka ing driya, dahat tuk raja brana gung, wijile labuh mring nata.

Sanalika kalih dadi sugih, punjul sasameng wong ya ta mangkana kang jeng sang rajeng, karsa nira yun tindak tumuli, mring kang lam nagari, uga maksi nlamur.

Sang gya para pratiwa ning nagri, ae pik Wan kono sami prapta anembah mring rajeng, sawus ira kabeh atur bekti, gya tedhak sang aji, lan Jit Cing anglangut.

Ing samarga-marga kakang ginalih, kangjeng sang akathong, apan arsa tumingal patrape, pra punggawa sayakaning nagri, denya ngasta adil, anindhakken kukum.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Apa iya nora nana lisir, li dawah sang kathong, lawan arsa mirsa sang pamase, ing ngadesa-desa uwong tani, apa ta basuki, reh aja sajegung.

Awit ratu kudu ngudaneni, obah osiking wong pra kawula kareh kratone, ya ta samana sri narapati, tindak ira prapti, sajuga ingsun ing dusun.

Sami Ae Cing Kwan ingkang desi, suka jeng sang kathong, dene desa neng pinggir pare den, nanging reja gumlar kebo sapi, neng pangonan sami, lan tepining gunung.

Ana marga kanan keri neki, kathah kang kakayon, angayomi ayem saurute, nora kenging soroting hyang rawi, enak wong umaris, ing dusun puniku.

Pan angong kang tepining benawi, kathah kang kathong ton, kembang-kembang kang amrik gandane, katempuh ing maruta angidid, sang nalamur dhiri, sukeng tyas ngarungu.

Swareng manuk sesauran muni, neng ngepang amencok, lawan suka tumingal sang rajeng, dusun ngriku langkung reja neki, enak wongnya cilik, sandhang pangan cukup.

Dahat suka sokur ri reng widhi, kangjeng sang akathong, tumingal mring para kawulane, tan rekasa denya ucal bukti, samana kang wanci, apan ameh surup.

Tandya nyare wau sri bupati, aneng desa kono, mung saratri byar enjing budhale, pan anglarug tindaknya sang aji, marga tan winarni, samana wus rawuh.

Ing tepining bengawan kang wanci, surya pan wus ngayom, surat kuning kang sa acalone, tandya umyat pondhokan sawiji, nata lan Cyu Jit Cing wus manjing ing ngriku.

Sang nalamur pan nyare saratri, enjang kacariyos, banjir arta dennya dahar kabeh, nedya nira nutugken lumaris, ana brang den benawi, arsa ucal prahu.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Kaleresan ingkang darbe panti, wus gadah palwajong, dadya nata lan Jit Cing karone, nyewa sisan ya palwa nireki, kang darbe wisma glis, ngundng rencangipun.

Kinen ngajak mreng tamunya kalih, mring bengawan gupoh, sang nalamur lan Jit Cing numpakge, giyo tannya pan rinengga adi, jro palwa kaeksi, wus keh barangipun.

Tatukone pra sudagar nenggih, wit ing wulan mengko, pan wus celak lan tahun barune, sumarmanya kekulak mepeki, barang warni-warni, tan pantara dangu.

Ingkang darbe prahu nulya prapti, marani sakeh wong, pra sudagar wus weruh adate, tandya sami amasungi duwit, sasenengnya sami, kathah kedikipun.

Sang juragan iya ta nulisi, kabeh nama ingong, pan wus aweh iya ardanane, lan mangko apa ngucapo reki, ah ta mitra mami, sudagar sadarum.

Dipun eklas rila lair batin, ywa mesgul ing batos, arsa niki pan kidarya mangke, nyembahyangi twa pekong supadi, antuk angin becik, wilujeng sadarum.

Ywa samanggih sang sareng jaladri, ya ta sang akatong, tansah ngungun tumingal solahe, dene sami angwehi duwit, tan wruh karep neki, kang mangkono iku.

Tansah ginagas sajroning galih, gya marpeki alon, sang nalamur tanya sajugane, jalma wreda mangkana dennyang ngling, eh ta mitra mami, sapa dika weruh.

Karepe kang darbe palwa niki, kula tan mangertos, anjaluki duwit sadayane, sarta tinulisan nama neki, sang ngreda mangsuli, eh ta mitra nengsun.

Jar ta dikan dereng tau mriki, layak tan mangertos, mangke kula carita gancare, samadyaneng bengawan puniki, ana gunung neki, nenggih gunung watu.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Pucak ira wonten wisma neki, klenteng ing twa pekong, sang lomosin inggih ta arane, gih puniku kang rumekseng ngardi, angkernya kapati, saupaminipun.

Wonten prahu kang nglangkungi ardi, boya mampir kana, nyembayangi gih kang numpak kabeh, mring lomosin kang luwih sinekti, tan wande bilahi, ron kamadya mawut.

Lajeng wonten gara-gara, kumocake ning jaladri, sindung riwut ali wawar, peteng dedet anglimputi, sagara lir winalik, lumambek alun gumulung, tan surung mesti pecah, gi ya ta kang numpak mati, gih makaten prabawanya sang rumeksa.

Ing ardi sela punika, lomosin muji jatneki, marma kabeh palwa dagang, kang langkung ing ngandhap ardi, sadaya mesti mampir, sembahyang mring pucak gunung, lan wujud kang sanyata, minta berkah mring lomsin, kang supaya tan na sang sareng samodra.

Eh mitra palwa puniki, inggih mangke mesti mampir, sembahyang mring pucak arga, mila angumpulken duwit, kang darbe palwa iki, inggih kinarya tetuku, sapraboting sembahyang, dika mangke mesti ugi, sembahyang sujud kang rumekseng arga.

Sang nalamur duk myarsa, mesem sajroning reng galih, wasana lon andikanya, gih mitra kula tan dugi, niku kang pada grami, dene sanget gonnya cubluk, ambuwang-buwang arta, kang tanpa satuwas neki, nyembahyangi lomosin kinarya apa.

Kang saestu tanpa guna, eh para sudagar sami, boten susah asembahyang, eh eman-eman buwang duwit, kalamun ana mami, lomosin mong saapurun, gawe susah ing jalma, awit ing uniwak mami, puru isa marang sujalma utama.

Tur asekti mandraguna, bisa manjing ajur-ajir, niku anguwehi sarat, nenggih marang jeneng mami, karya dawarsa kalir, kasektene pra lelembut, Twa Pek Ong nama nira, away maneh mung lomosin, yen wani ya inggih dateng jeneng ingwang.

Sanadyan sang hyang baruna, nata ratuning jaladri, mesti ajrih mring wak ingwang, anut manut prentah mami, ywa maneh mung lomosin,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

eblis panunggu ing gunung, marma ywa sasumelang, boten susah mampir wukir, asembahyang kalamun ana bancana.

Angin ombaking samodra, tempuhena marang mami, sadayanya pra sudagar myarsa ling ira sang aji, aris samya mangsuli, gih leres sabda ta niku, nanging niki sadaya, nenggih kedah ngudingani, kasektene, apa tai ya sanyata.

Dika adarbe mujijat, bisa kulak mring bilahi, awit niki pra nangkoda, marma kedah nyembahyangi, nggih dateng sang lomosin, mung nuwun pangestunipun, ywa namanggih sangsara, rencana tengah jaladri, pinukunan arsa namung sapala.

Saestu tan dadi ngapa, janji amanggih basuki, marma yen dika sanyata, darbe kasekten kaluwih, kula arsa udani, mring ayem sadayanipun, ing tyas tan melang-melang, bok mangke angapirani, kang babaya wus prapta ngarsaning mata.

Gek andika boten bisa, tan wurung semah iya lis, sadaya kang neng jro palwa, sang nalamur kalanya myarsi, mring sabda nira sami, mangangen-angen jro kalbu, tan dangu antuk akal, tandya ambuka kang kancing, amesti rarasukan, sri maharaja.

Ana kancing ngira lima, mustika ingkang linuwih, ngapotin culiwu nama, kasiyatnya warni-warni, siji-sijining kancing, apan ana aranipun, ki mbok Swi Oo nama, lamun kangjeng sri bupati amangagem kancing lilima punika.

Nora pasah dening braja, tan gesang lumebeng api, nora teles manjing tirta, sang nata ingkang den ambil, kancing mustikeng warih, sarwi angandika arum, eh mitra pra sudagar reh mitra tan ngandel mami, ing samangke kula ngetokken kadibyan.

Inggih pada pirsanana, mangke toyaning benawi, yen sun celup asta kula, mesti ngiyak nganan ngeri, suka kang samya myarsi, mring sabdanya sang nalamur, kabeh pada tumingal, manglungana satepining ing giyo ta ya ta wau sri narendra.

Arsa cinelupken agya, lan samudana amuji, piyak toyaning narmada, tri lan dheyan myar neki, sak ista kadya margi, saklan dheyan lebetipun, ga

mengha mawa cahya, lir kukuwung nginum warih, pea sudagar suka myarsa giyak-giyak.

Ngalembana mring sang nata, ah tuhu alun sinekti, nyata mandi donga nira, mangkana sang nalamur dhiri, wruh yen sedaya sami, wus ngandel mring raganipun, asta nulya ing ngangkat, pulih malih kanang warih, kadya saban ya ta ingkang darbe palwa.

Trus teng tyas denya tumingal, tumut mumuji lan malih, wus ilang kuwatir ing tyas, tandya babar layar neki, mancal saking pasisir, gya ta lampahnya laju, lan tuk angin utama, tan dangu lampah wus prapti, sangandaping ngarga lomosin ing nggennya.

Sing mandrawa wus katingal, kalenteng ing nginggil wukir, jejel kang para nangkoda, sembahyang marang lomosin, atap sung sun apipit, sing keh ejalma kang rawuh, lan kukus sireng dupa, kumeluk ngampak-ampaking kadya mendung saking kehnya wong sembahyang.

Lan waraning tetabuhan, tambur gembreng lawan suling, umyeng lir karengen wiyat, barung swareng ngrewong muni, kadya mecahna kuping, lan tepining gunung ngriku, jejel kaneng giyota, ingkang sami angentosi, margi ingkang numpak mring gunung sembahyang.

Namung sajuga ning palwa, ingkang boten puron mampir, sembahyang mring pucak arga, ya iku kang den titihi, marang sang nalamur diri, cingak kabeh wong ing gunung, nudingi lan sru sabda, lah ika prahu sawiji, banjur bahe nora kendel marang arga.

Baya wong ngebo sen gesang, tan na jroh marang lomosin, mong sawurung prahu neki, mengko kerem, klebeng warih, uwonge pada modir, yen mangkana lagi kawus, ya ta wektu punika, dungkap bedhug ingkang wanci, langit padhang angin kenceng gegambuhan.

Prahunya sang aprabu, langkung laju anteng lampahipun, duk dumugi antara tengah jaladri, tebih elor lawan kidul, prapta lun ageng gumolong.

Peteng dedet anglimput, gorak praconda kang guntur ketug, jaladin di toyanya kadya winalik, dedet arawati wagyut, baskara tan nana katon.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Peteng lir tengah dalu, banyu braja ulekan lan lesus, palwa gonjing lumambek kadya binanting, woyam byuk marang ing prahu, tiyang punggel dadi loro.

Layar sebit maledug, binulungan wong sajroning prahu, kekes wing wrin wus tan nana nyipta urip, pating ngreog nedha tulung, lah kodyan sudipun gupoh.

Tulaken kang pakewuh, jer paduka ingkang darbe rembug, nora aweh sembahyang marang ing wukir, mangke nemoni pakewuh, nora wurung kabeh layon.

Iyo bakal kinubur neng weteng iwak lodan tan wurung, iki mesti lomosin pakarti neki, serik pang galiyannipun, dadi banjur gawe ewoh.

Ya ta ri sang nalamur, sanalika ribeng tyas wulangun, dangu-dangu pinanggih sajroning galih, ngunadikannya sang prabu, ing nguni duk nara katong.

Tong tya li si bina praabu, andon na prang mring kole anglurug, sri narendra aneng tengahing jaladri, katempuh geng ling pakewuh, bayu bajrahe sus awor.

Alun ageng gumulung, palwa nira nora bisa laju, mogok memeg-memeg madyeng jaladri, awit ratu nireng laut, nagara jahahe Lyong Ong.

Arsa sowan sang prabu, sareng sang ngalisibin sri mulku, nyerat mungal byan tya cinem plungken warih, iku byan tya tegesipun, serat dawahnya sang katong.

Marang ratuning laut, hyang baruna tan susah puniku, iya sowan marang panjenengan mami, sanalika kanang alun, sirep sirna kang pakewuh.

Saiki jeneng ingsun aneng ngriki anemu pakewuh, nora wurung mesti ratuning jaladri, barunarsa sowan mring sun, mong sa luput peteking ngong.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Mokal lomosin iku, yen waniya marang jeneng ingsun, ingsun ratu binataranya krawati, kasub ing jagat dibyanung, angreh sasamining katong.

Kinasih suksma nagung, si lomosin iblis tunggu gunung, jaba jalma kang pengung tan wruh ing yekti, iku kena dipun bedung, jeer kawruhe dereng bontos.

Mring kahananeng mujud, wujud ingkang kalimput linimput, ya ta wau sawusnya sri nara pati, gumeleng ing ciptanipun, pangandika nira alon.

Eh kabeh mitraningsun, ywa na watir iki kang pakewuh, mesti sirna padang kadya wingi udi, wusnya ngandika kadyeku, tandya nyerat sang ngakatong.

Mungal byantya pudarku lan samudana sang maha mulya, amumuji sawus sira serat dadi, sinungken mring jit cing sampun, lawan dawuh kinen gupoh.

Nyemplungken tebngah laut, pan sakala sirna kang pakewuh, alun sirep ponca wara sirna gusis, baskara maneh kadulu, sumeblak padang katong ton.

Lir wau-waunipun, pra sudagar sukannya kalangkung, amumuji kodyansu kasekten neki, atur geng panrimanipun, nanging sakatahing uwong.

Tan na grahita lamun, ingkang ngaku kodyan su puniku, panjenengan nira kangjeng sri bupati, ginalih sudagar tuhu, ingkang darbe japa mandos.

Tan wruh lamun puniku, mujijatnya kangjeng sang aprabu, ya ta sang nalamur pangandikanya ris, eh kabehe mitra ningsun, awit ing dina samangko.

Yen dika nitih prahu, angliwati lomosin gonipun, boten susah nganggo mampir nyembahyangi, mangke lomosin wus takut, nora wani gawe ewoh.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Marang manungsa estu, iku setan panungguning gunung, mongsa wani ganggu gawe marang jalmi, kacarita wit puniku, kena sabdane sang katong.

Lomosin enggenipun, temah iya sirna angkernipun, dumugining sapriki para sujalmi, sudagar kang liwat ngriku, kabeh datan ana nganggo.

Nembah yang marang gunung, sumarmanya sujalma sawegung, amumuji barkah ira sri bupati, gyan lyong kun ingkang pinunjul, mustikaning para katong.

Kawuwus sawau sri bupati, sawus sira ilang kang babaya, palwa laju ing lampahe, angin putu manempuh, wus tan pahe kadya jemparing, tan dangu nuli prapta, ing plabuhan agung, palwa kendel gulung layar, labuh jengkar kang nompak wus munggah gisik, ya ta sang nalamur lampah.

Lan Cyu Jit Cing wus minggah ing gisik, kendel amirsa kang plabuhan, karenan umyat sang rajeng, tepining darmaga gung, kathah palwa kang wira-wiri, gya tari na rengga, pinajang bra murup, ya iku titiyan nira, pra taruna cangkrama madyeng jaladri, samya beta pradongga.

Swara arum pinyarsa ngerangin, sinindenan kang para wanita, nom anom awu warnane, sandangannya amubruk, sinulam ing benang mas adi, tan pahe lawan wayang, busananya murub, katah kang warnanya endah, sasolahnya wiraga akaduk manis, karya brong ta kang miyat.

Wusnya tutug de nira mirsani, anglajengken wau tindak ira, anurut ing marga gedhe, tepi-tepining lurung, toko-toko gumelar sami, gedong-gedong apelak, candelanya sinung, sadaya niraman kaca, lawan mratah nganggo loteng susun katri, tur mawi sasekaran.

Kinara wanci lung-lungan ngrawit, pas pinulas sinenggih wardenda, gumebyar muncar cahyane, radin sadayanipun, gedhong-gedhong loro mangkana sami, lan tepining wiwara, ana tulisipun, namanya kang darbe wisma, samadyaning praja ana pasar neki, ageng tur sarwa ana.

Dedagangan pepak warni-warni, lurung-lurungnya jembar arata, gumrining resik sababe, saben dina sinapu, sri narendra rena ningali, rarengganireng praja, tuhu lamun bagus, datan nana kang kuciwa, pra sudagar tingali ra sugih-sugih, tan nana ingkang mlarat.

Urut marga sinungan dilah ting, lamun dalu padang lir rahina, mubyar sing kehe pan dame, pan nganti lingsir dalu, meksih akeh lurung lumaris, liweran sami tumbas, tetuku mring warung, nata aliyan tumingal, saking ngriku tan pahe bagus sireki, rejamyang raregannya.

Gedhong-gedhong toko-toko sami, pan gumelar dagangan sarwa na, sang kalih wau tindake, lon-lonan andadulu, nganan ngering agung tumulih, tan wruh lamun tumbukan, wau sang aprabu, kagyat tumuli mring jalma, kang tinumbuk malah minwa pangaksami, nata ngunguning driyo.

Sabenere ingsun ingkang sisip, awit numbuk nanging wau jalma, malah minta aksamane, ya marang jeneng ingsun, baya becik ati nireki, ana ing tingal ira, lir na prelunipun, de ririkatan lakunya, lah bok iya jalma mau sun takoni, ana prekara apa.

Dene sawangannya langkung sedih, nulya wangsul tumuti sang nata, duk reka nyandhak tangane, sarwi tatanya arum, eh kisanak punapa kadi, dene kalangkung gita, tingalnya sun dulu, aririkatan lumampah, kang tinanya sumaur kula puniki, saweg ribet tyas kula.

Satemennya boten prelu mami, acarita dumateng sudagar, saking genging nalar kiye, tur mosa bisa tulung, jeng ngandika mring awak mami, marmane ucul lena, inggih tangan ulun, arsa dugekken lumampah, lamun nganti kasep boten wande kardi, patine anak ingwang.

Wusnya nabda narik tangan neki, sang amimba sudagar myarsa, mesem alon andikane, mangke ta ywa kasusu, bok manawa kawula bangkit, tutulung mring andika, nadyang geng pakewuh, ananging dika jarwaha, dateng kula inggih prakara punapi, jalma wau myarsa.

Mring sabdanya sang mindha wong grami, dahat suka lan alon tatanya, sudagar pun dika lemek, lan pun dikang kinayun, dene nganti dumugi ngriki, punapa sami harja, kang tinilar pungkur, sang nlamur lon andikanya, kula sami kotyas sude wisma mami, inggih ing kuta raja.

Boya tebih karaton aji, kula tumut nyepeng paprantahan, lan lau yong tunggal sak ges, dene ta sedya ingsun, mung lelana ningali nagri, inggih

dumateng kanglam, den sanget kasuwur, langkung bagus lawan reja, ya marmane dina iki dugi ngriki, namung nedya uninga.

Dateng sanes-sanesing nagari, de punika putra kula angkat, pun Cyu Jit Cing panengranne, sumarma mitra ingsun, inggih sampun amawiwigih, mugi dika jarwaha, sapa nalaripun, de lampah kalangkung gita, bok manawa kula waged mitulungi, jalma wau duk myarsa.

Yen puniku kotyas sukang sami, satunggalnya Cyu Jit Cing rahadyan, ing kota raja lampahe, dahat marwa ta sunu, keplok-keplok asta nireki, lan tutur purwa nira, nenggih lakunipun, inggih loyah kadang amba, sepuh kengken dumateng kla mariki, ngadang kalih sujalma.

Kang satunggal kotyas sukang sami, satunggalnya Cyi Jit Cing rahadyang, ing kuta raja asale, punika yen katemu, kalih pisan dipun aturi, kampir wismanya kakang, samangke panuju, kawula panggih paduka, wonten ngriki kapasang yogya sawekti, dene sami kawula.

Tanting kakang maba nami tas cing, inggih asli ing ngriki kewala, kula matur sayektine, mugi ywa dadi bendu, kakang lawan kawula niki, kasuwur sugih pyambak, tan nana kang nyundul, yen praja ngriki kewala, inggih boten wonten ingkang nyenyameni, sanging tan darbe anak.

Kakung namung sajuga pawesti, kakang kula ingkang asusuta, pun rarasoh cun namane, yuswa nembe las taun, wus tinamtu yen badhe krami, ing sallawan wong syah sya, inggih namung kantun, ucal aari kang prayoga, ing daup pewasana nira samangkin, sakit lir kanglang langan.

Wit ginoda dateng ya loboh kwi, saben dalu wus antara pejah, pijar botenenget wong, wus katah ngundang dukun, parewangan datan pakardi, sakehing japa montra, tan nana tumanduk, malah sansaya rekasa, sakitipun nganti anelasken gending, bingung lir nemdem kluwak.

Inggih sampun, den undangaken puniku, hwe syo pra ngulama, saben dau kinen muji, anulaka setan ingkang pijer godha.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Nanging ugi boten mendha sakitipun, malah kalampahan ngundang saksake kong ing nguni, dipun pangan inggih dateng pun siluman.

Marmanipun pun kakang sanget wulangun, putra mung sajuga, pawestri ayu linuwih, mangkya sakit anyepaki dateng pejah.

Karya bingung, saben dinten ting bilulung, ngucalken usada, nanging inggih tan pakardi, kakang kula tansah ngredatin ing driya.

Saben dalu, anenedha ing dewa gung, inggih kaleresan, anuju sajga ari, wanci dalu kakang kula anyumpena.

Wonten rawuh, sujalma mangagem luhung, busana sarwa mas, twarek kong aparing wangsit, yen ing dinten punika ana wong prapta.

Sangkanipun saking kuta raja iku, kotyas su namanya, sajuganya sami Jit Cing, mung puniku kang bisa amaluwakna.

Sakitipun, iya anak ira iku, wit karonya, sudibya tur sura sekti, sugih japa montra punjul ing sasama.

Mesti takut, ya lomoh lawan ko tyas su, poma wekasing wang, sira aja nganti lali, yen nganti ya jalma iku tan kapanggya.

Nora wurung, anak-anak ira sida lampus, mekaten wangsitnya, ywa pekong mring kakang mami, mila nira inggih wau bangun enjing.

Lajeng suduh mring kula nyegat ing lurung, mangke kaleresan, neng ngriki kawula panggih, lan paduka wangsitnya tuhu tan cidra.

Sang twa pekong gih dasar pulunan ulus, inggih maksih beja, lah tasu mongga sang kalih, kula turi dateng wisma ingsun kalas.

Atutulung marang kang kawelas sayun, inggih alun asulaka, ya lomoh siluman juti, kang saestu kawula lawan pun kakang.

Sanget nuhun, pitulungan ta satuhu, nguni wus ubaya, kakang mas yen putra neki, awaluya tan nana sakara-kara.

Badhe sinung ganjaran kang bara nabung, inggih wangsa kala, wrattri dasalek satail, lan mutyara satus ijik tah ira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Marmanipun sumongga kalih den gupuh, kula turi tedhak, amba wus sadya joli, nitih ana kawula umiring wuntat.

Sang nalamur, myarsa dahat, de nya ngungun wasana ngandika, eh mitra ywa dadi galih, satemennya kula niki boya bisa.

Sakeh ngelmu japa montra donga iku, nyingkirken lerembat, guna dhesthi boten bangkit, marma nira kula tuhu tan kaconggah.

Lan lalembut, yau boh nora kadulu, kapriye den mengsah, dene lamun saupami pada jalma sanadyan punireng laga.

Kang pinunjul, kaprawira nireng pupuh, kula boten wang wang, sagendingi reng ngajurit, awit kula widanda sakeh ing gelar.

Ing prang pupuh, ya sanadyan mengsah ingsun, bisa rupa sasra, molah kadya bujang gaji, kang saestu kula inggih boten kewran.

Boten takut, wangsul puniku lelembut, setan sa siluman, marma samangkin, dipun gupuh ngulat tan jalma.

Kang pinutus aji japa montra iku, inggih den aduwa, mengsah lawan cicir belis, lamun kula kisanak dika ungkurna.

Satemennya nora bisa, prang lan setan wau kalanya myarsi, tan ting wan gwe sabdanipun, inggih sang namur lampah, iku tanting narmanya nganggo jujuluk, pan gwe tegesnya wong kaya, sadengaha wong kang sugih.

Kang darbe malik sawuta, iya sinung jujuluk wan, gwe nami mangka sanalika ngrungu, sabda nira narendra, tandya anungkemi sukunya sang namur, kang rosa ririh aturnya, mamelaha melas asih.

Duh babo sang wirutama, tutulunga marang kang kang las sasih, anyarnaken kang lelembut, sasat aparing gesang, ring kawula dateng kadang ulun, manjalma akaping sapta, kawula estu tan lali.

Sih kadarman jeng paduka, saupami estu tuwan tan apti, ngutuk mring kang kawlas sawun, boten wande kawula, lan kakang mas kalih sami lalu lampun, saking boten saged miyat, mring pulunan kanandhang sakit.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Mokal kalamun paduka, boten wigya aji jaya-jayanti, pambingkasing pra lelembut, setan dus karteng jagat, lan dupa rayen, twa pekong wangsitipun, inggih yen boten sanyata tan wan gwe denira angling.

Mesih alara karuna, amamela melas-melas asih, tur neng tepining marga gung, katah jalma tumingal, panm nyanane iya ingkang ora weruh, dinalih tanting samangkya, edan owah adat neki.

Dene neng lurung karuna, kang sawene iya ana udani, lamun tas cing wismanipun, ana siluman godha, mring anaknya kadya grahita kalamun, marma nangis arsa nedha, usada mring wau kalih.

Jalma ingkang sinungkeman, warna-warna ciptanya pra sujalmi, kang ningali aneng ngriku, ya ta nalika ira, tanting sweg panggih lawan sang nalamur, abdi nira pun nakawan, apan wus kinen atur wris.

Nenggih marang kakang ira, yen wus oanggih jalma kang den ulati, cyu jit cing lawan kotya su, twa pekong wangsit ira, tan nalisir marma nalika puniku, tas jing wan gwe sigra-sigra, numpak joli lampah neki.

Suluk marang ari nira, lawan beto joli andungan siji, miranteni sang nalamur, mangke karya titiyan, tan na dangu tas jing wan, gwe prapta sampun, ing unggyan pang kalih ira, sumerep yen ari neki.

Nungkemi pada karuna, mring kakalih nora saronta tas cing, medal saking jolinipun, tandya nungkemi pada, mring sang nlamur nabda, lan sru denya muwun, duh kalih jalma utama, melasa marang pun patik.

Kang damaka welas sarta, dina-dina agung asdang prihatin, sing dahatan basan dulu, anak kula sajuga, andang roga ginohoda marang lelembut, duh babo sang maha dibya, kang tuhu sih ing sasami.

Mugi tuwan sirnakken, pun ija jilletheg regeding bumi, lamun kalakon saestu, dadyan prapta ning pejah, maksih enget pitulungan ta satuhu, yen paduka boten arsa, luhung pejah awakk mami.

Aneng ing ngarsa paduka, dadi nora dedawa ing prihatin, sang nata nalika dulu, tan wan gwe kalih ira, sujud kuwi kalihing ngadegken sampun, gi duh ing tyas sang pamasa, dene ta ginubel tangis.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Lan welas myat kalih ira, arsa sanggup manawa nora bakit, anyekel kaneng lelembut, arsa sela tan bisa, pan ginubel ginunturan ing pamuwun, paminta amelas sarta, renca keng tyas ngandika ris.

Nabda mung ngecani manah, lah ta mitra wan gwe mangke rumiyin, aja ta pijar amuwun, becik pada rinembeg, sakecanya amrih utama ning laku, nata maripih pamrihnya, wan gwe lejar ra kang ati.

Ywa sanget panggubel ira, nanging jit cing tan samar yen sang aji, nebda mung ngecani kalbu, lan sanget denya welas, tumingale tas cing tas ting kalihipun, denira mamelas ars, lamun nangis lir pawestri.

Reh jit cing meksih taruna, dadya ora mikir pakewuh neki, abot enteng mesahipun, namung katarik welas, mring kang sujud kuwi aneng ngarsanipoun, wasana rum atur ira, duh kangjeng rama prayogi.

Pan duka anyagahna nyepeng setan kawula kang bantoni, ajrih punapa pukulun, sumongga diun coba, kaya apa warnane ingkang lalembut, de wani godha manungsa, mongsawurung ngangemasi.

Setan aneng ngasta ningwang, lawan malihipun rama manawi, inggih boten karsa nulung, dateng wan gwe punika, amba dahat lingsem dene dipun dulu, jalma keh tanpa wilangan, lan tas cing tas ting wong kalih.

Wus sujud sanget mangrepa, amiminta tulungan kang sayekti, dateng paduka pukulun, awit antuk sasmita, sang twa pekong paduka kang wigya tulung, bengkas reregeding jagad, amegatnya waning eblis.

Pan wus pantes paduka, yogya ambunuh, sabehe panggawe juti, amrih harjaning prajagung, rumeksa ing kawula lit, maweh suka ing tumuwoh.

Napa maneh puniku ingkang lelembut, wani godha maring jalmi, gawe susah ing tumuwuh, pantes dipun ukum mati, sirnaha kang gawe rusoh.

Kenging napa jeng rama dahat amingkuh, tutulung mring kang kas wasih, lah sumongga tindak gupuh, dereng tutug denira ngling jit cing mring rama sang katong.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Tas cing tas ting dahat suka denya ngrungu, maju sarwi wacana ris, gih leres, cyu jit cing kong cu, tutulung wong kawlas sasih, sanadyan praptaning layon.

Ambahe nget tinulungan nira tuhu, lah ta sumangga den aglis, jeng paduka sang kotas su, lawan putra sang pekik, siti ajoli den gupoh.

Sri narendra kamitenggengen, tan wuwus myarsa ling ngira cyu jit cing, de tuhu nedya tutulung, marang sang wan gwe kakalih, ya ta sang sungkawa karo.

Tansah ngalembana marang sang binabus, cyu jit cing panggalih neki, melas sameng tumuwuh, mangkana denira nagling, tuhu ambek darma ahot.

Inggih raden lamun kawula ing besuk, boten waged males becik, dateng paduka saestu, Allah ingkang ngudaneni, paring nugraha kinahot.

De paduka welasa samang tumuwuh, ya ta sri bupati, mturut jit cing turipun, sigra denya titih joli, neng ngarsa lumampah alon.

Dyan cyu jit cing nitih joli aneng pungkur, tas cing tas ting kadang kalih, darat kewala lumaku, dahat suka nireng galih, nyiptan tuk sih ing hyang manon.

Ya ta lampah ira wau sang nalamur, nora dangu sampun prapti, iya tas cing dalemipun, tan dya manjng jroning panti, lan jitcing sang prawira nom.

Pan ing ngriku sampun ginelaran babut, tas cing geng pakurmat neki, nora gasanget susugun, marang tamu nira kalih, wusnya sami tata lunggoh.

Sinunggata nenggih ingkang eteh arum, sang nata suka ing galih, de wan gwe geng kurmatipun, marang panjenengan neki, nata angarti keng batos.

Nyata temen tas cing yen sugih kalangkung, katara wisma nireki prabot ira sarwa bagus, tur alus pakarti neki, wusnya ngarti kamangkana.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Ruma nabda eh tas cing satuhunipun, iya jeneng ingsun iki, apan dereng tau weruh apan dereng anglakoni, prang lan setan kang tan katon.

Apa maneh lelembut ya lomoh iku, yekti tan kena ginampil, lan tan gampang denya mikut, awit luwih saking sekti, jer nyeluman arang katon.

Lawan kudu teteg ing tyas aiwa takut, yen kurang wiwekta neki, nora wurung prapteng lampus, pinangan mring sihijajil, sumarmane awak ingong.

O iya sanggup aprang kalawan lelembut, kapeksa wlas aningali, marang sira lan adimu, utawa ta putra mami, si cyu jit cing wus tumanggoh.

Arsa nyobaha prang kalawan lelembut, nora bisa selak mami, jer nelamur wis katempuh, mung saking paminta mami, sokur lamun jeneng ingong.

Bisa unggul ing aprang begjan ta iku, nanging lamun nora bakit, anyekel marang lelembut, aiwa dadi tyas ireki, temene sun iki bodho.

Nora weruh japa montra aji kidhung, padula kya marang eblis, ning magke kularsa weruh, sabene kang den parani, gone godha sang lir sinom.

Lamun kula wus weruh dununganipun, ing mangke sami pinikir, mamrih prayoga ing laku, kang sakeca den lakoni, aiwa nganti bisa dhompo.

Praptaning don temahan pada akuwur, mula pinikir rumiyin, tas cing tas ting kalih matur, leres dawah ta tan sisip, nanging prayoganya mengko.

Rarti awit niki dereng mangsanipun, mangke dahara rumiyin, sugatan wontenipun, wit pubiku ya lomoh kwi, lamun godha putra ingong.

Datengipun apan inggih sampunb dalu, dumateng gedong boten ting, bangsal geng ing taman santun, boten ting saman nireki, udya nadya aneng kebon.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Pun durcara aneng ing ngriku jujugnya, wit putra amba esti, gih aneng lotengan, boten ting denya nendra, sang nalamur kala myarsi, suka ngandika, yen makaten prayogi.

Anak dika samangke dipun elihha, botan ting pangkeng neki, selehana meja, kursi mangke kawula, neng ngriku angunjuk awis, ngiras angantya, datengnge laumoh kwi.

Lan anggusti ireh prayoga ing lampah, lan dika aiwa kari, tas cing angandika nulya ngelih putranya, boten ting pangkengan neki, wus sinelehan, meja kalawan kursi.

Lan tinata sagunge kang dedhaharan, samangkan warni-warni, ae log pao yan, iku larang reganya, lamun wong tan sugih duwit, yekti tan bisa tuku wit rega neki.

Langkung larang ahe log lawan paloyan, mupangat marang dhiri, marma tas cing bisa tuku barang kalihnya, margi saking sugih duwit, sawusnya pepak daharan lawan awis.

Myang inuman wowohan mawarni-warni, tandya sang namur dhiri, ing ngaturan tindak, mring kebon patamanan, lan cyu jit cing nora keri, minggah lotengan, tilas enggon kang sakit.

Sawus sira kapat sami tata lenggah, ning durung ngunjuk awis, lagya lalenggahan, tas cing amatur tanya, marang ri sang namur dhiri, sapa paduka boten ngangge piranti.

Denya arsa amikut kaneng lelembut, sang namur amangsuli, mangke sadiyaha, abir karya nglawan prang, tuwin abdi dira sami, ingkang prakosa, lan prawira ing jurit.

Pilihana kang teteg sudireng laya, bantua marang jit cing, angoyak lelembut, ngetutken wurining wang, lawan sadiyaa eting, tutupen kaca, ywa nganti bisa mati.

Awit iku lelembat kalamun prapta, mesti anggawa angin, mula den prawitna, damar aiwa angantya, pejah atempuh ing angin, lamun petengan, tan wunkar ya bilahi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Lan nyepakna sadaya kang tatabuhan, tambur gembreh lan suling, lan mercon manawa, ingsun wus bonda yuda, kabeh tinabuhan sami, mrecon unekna, dimen setane giris.

Amiyarsa unine kang tatabuhan, lan enggon ingkang sepi, tuwin pepojokan, sedaya selehana, pan damting ingkang anganti, padhang lir rina, uga ing loteng ngriki, lampu-lampu pasangen kang nganti padhang, eh tas cing kula warti, niku sasiluman, ya lomoh kedadeyan, gih saking awaning bumi, bumi kang ala, wus karseng batara di.

Anitahken mangkana kanang lelembat, tur luwih saking sekti, mula nora kena ginagampang ing wuda, yen pancene den pranteni, obat pinetak kang akeh neng jro bumi.

Yen lelembut, ngliwati pendheman obat, sinuled saking tebih, dimenne palastra, upama nora pejah, uga kawus nora wani, balik anggodha, ananging reh ning ngriki.

Neng jro praja menak akarya ruhara, inggih dateng tyang alit-alit, mila boten susah, ngangge pendheman obat, mung kula lawan ing jurit, sagendhing ira, si eblis ngong kembari.

Tas cing myarsa dawahnya sang namur kula, kamitenggeng tan angling, lir jroning supena, saking duk kiteng driya, laminya nandhang prihatin, ya ta arinya, sang tas cing duk myarsi.

Sadawahnya sang namur nulya parentah, mring sang gya abdi neki, sadiya sing ngaprang, sadaya wus samapta, duk silem kulan daragni, kapat alenggah dahar lan ngunjuk awis.

Sang kekalih wan, gya dahat anoraga, nelas pakurmat neki, mring kalih tamunya, samanagri pamasa, salebet ira abukti, tansah ginagas, denira arsa jurit.

Marang setan ya lomoh de kang sarira, durung tau nglakoni aprang lan lelembat, nanging rehning samangkya, wus katempuha nanggupi, temah nempuh byat, malah geng ingkang galih.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Kadya age nuli tempuh prang lan setan, samana ingkang wanci, wus nawa gathi ta, lebar dahar anulya, linorod mring para abdi, ginanti medal, who-wohan warni-warni.

Pepacitan piranti angunjuk arak, ya ta wau sang katri, wan gwa lan rahadyan, cyu jit cing wus tumedhak, saking loteng amiranti, asesingidan, samya prawit wewesti.

Salebete udyana wus pinasangan, damar ting tan pawilas, padhang lir rehina, mubyar sing keh ing pandam, samana jeng sri bopati, kantun anggasa, neng loteng ngasmarani.

Ya ta kangjeng sri bopati, pribadi aneng lotengan, agung anggagas galihe, sinambi angunjuk arak, lan macit kawoh-wohan, dwi dati ta wancinipun, hyang sitaresmi pan lagya.

Dadar ri katon dumeling, sangking wening jaladyan, sidem tan nana bawane, sajro nireng udyana, sonyata tan nana swara, mung mireng swaraneng manuk, pating caruwat kapyarsa.

Lan swaraneng toya mili, umricik kadya pratongga, karenan tyas sang ngarajeng, tumingal kang kembang-kembang, puspita sri kawuryan, ganda nira amrik arum, midid kang maruta gonda.

Katah katingal ing ratri, lintang-lintang bra ing tawang, tuhu muwuhi karesmen, lelangen-langen ning ratya, kadya tur panambrana, marang ingkang lagi nlamur, tuhu mangkana isthanya.

Wiwitaning taman sari, tumiyung katempuh bajra, lir atur bekti mring katong, lan swaraning kup angkupan, cumlering kapyarsa, lir pamuji nireng dalu, marang sang maha wibawa.

Titisonya lingsir ratri, duk wanci dungkap jam tiga, da tan dangu ana katon, mega saking ngontariksa, gumulung sagolongan, marang taman paranipun, den iring ing bayu bajra.

Sindhung riwut erawati, peteng dedhet alimengan, bumi langit nora katon, krikil wedi nireng taman, mawut kabur saparan, jit cing sarwangnya dulum murinding gigitok ira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Wus wuga yen laomoh kwi kang prapta mawa prabawa, ya ta kangjeng sang akatong, kang lagi sakeca lenggah, kalawan ngunjuk arak, prastawa denira dulu, mega sagolongan prapta.

Lan mawa prabawa tis-tis, sindhung riwut aliwawar, peteng jagat tan na katon, nata wus anyakreng nala, yen seluman kang prapta, dupitan antara dalu, sasirnane kang prabawa.

Byar padhang ana kaeksi, jalma priya maksih mudha, tri dasa warsa yuswane, busananya lir pandita, minggah marang lotengan, yaiku ingkang lelembut, amancala jalma mudha.

Rai kulitannya putih, resik tan mawi gumbala, sutra apanjang klambine, mawi kethu sirah ira, ta okin nami nira, tangan ira nyepeng kebut, sabuknya pangsi kinarya.

Pedhang ira sinangkelit tindhak ira alon-lonan, duk prapta ing nginggil loteng, ing nguni panggenan ira, soh cus kang sandhang gerah, sanget duka denya dulu, de ngriku ana mejanya.

Lan ana daharan neki, asrunyettat duwus sira, eh iku sapa uwonge, dene wani kurang ajar, ngregedi enggon ningwang, yata wau sang aprabu, duk wau pan wus siyaga.

Mipi aneng tepi mori, lawan ngasta ;lawung ira, duk myarsa wau wuwuse, siluman ingkang mangkana, tandya medal lan nabda, eh siluman sikepaung, sira dahat kurang ajar.

Leletek regeding bumi, dus karsa amurang tata, wani godha anak ing wong, yen gugu pitutur ingwang, sireku ingsun eman, angur muliya den gupuh, iya marang dangka nira.

Tutug gena amertapi, supayan tuk sih ing dewa, yen nora mangkana mangke, datan wurung sira pejah, lan manggih kawirangan, mulih ngajal wurung muhul, lan tug duk ningsun semana.

Apa kokira manawi, tan nana jalma tan bisa iya mikut marang kowe, ing samengko rasakena, sira tanding lan ingwang, tan wurung basah wangkemu, pinangan ing ngabiring wang.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Sumarma eling den eling, gugunen pitutur ingwang, ywa nganti nalongsa mangke, yen sun wus mesuk dibyan, sira mosa kuwata, siya-siya kang pinangguh, tur ilang subrata nira,

Kang wus lami kok lakoni, mangkya iling tanpa karya, mula ingsun eman kowe, lah inggal sira baliya, ywa nganti antug dosa, marang hyang kang maha ruhur, tutugena amertapa.

Lawan nuhuna aksami, de sira wus nandang dosa, wani malih dadi uwong, gawe wisuna anggoda mring anak rabi ing tyang, iku ageng dosanipun, lah setan enggal baliya.

Lan malih sira yen uning, iya marang jeneng ingwang, enggal nembaha den nagodra pon antuk pangapura, ambirat wurakanta, seluman nalika ngrungu, mucicil yuda kenaka.

Dahat krodha sru manabda, eh tababo sira ing ngendi, dene kumlungkung adigung, pinter temen micara, kaya kowe dhewe kng bisa calatu, peksa ngundurken karseng wang, eh bangsat saparan neki.

Lan ngendi pinangka nira, apa sira nora krungu pawarti, wani mrene sikepahung, amung welik opahan, sanggup mungsuh iya lawan jeneng ingsun, sasat sira atur nyawa, sun eman mundura aglis.

Lan iku soh cun sangsara, wus piranti jodo kalawan mami, ana ingong tuwanipun, nora sarju ing driya, ya mulane angundang sakeh ing dukun, ngulama para pandita, kinen lumawan ing mami, sami ngetoken kagunan, japa montra kabeh dtan pakardi, siji tan tumama mring sun, malah pandita nira siji lampus ingsun untal raganipun, kang kari tintrim tan nana, wani lumawan mring mami.

Apa maneh kaya sira, arsa wani iya ngadu kasekten, lan engsun kang wus kasumbung, prawira widigdaya, amung malik opahan kang bara nagung, mongsa nganti bbisa tompa, sireku kaselak medir.

Brasta sun pusus neng ngasto, aku lamun dulu warna nireki, pantes mulung adol gemblung, kumlungkung peksa guna, ngapus-apus ngapusi melik si cubluk, de nyarsa tompa ganjaran, tan wruh mrene asrah pati.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Nora nolih sariranya, eh take cu becik mundur marang kin, mosa menanga lan ingsun, yen sira peksa nglawan, nora wurung nyawanta bakal katemu, gyam kun ong ratuning kerat, yen sireku demen urip.

Nembaha dlamakaning wang, sun arupa anjing dosa nireku, sang nlamur sareng angrungu, kroda sru wuwus sira, kadya gelap ngampar awit sang ngaprabu, wus radi kawuron arak, nir sang gya wan was sing galih.

Mangkana pangandikanya, eh ta setan apa wuwus sireki, yen temen sira tan nayun, mundur peksa nglawan prang, rasakna yen ora wangkemu remuk, sun ejur sawalang-walang, yitman ta tan wurung benjing.

Siniksa neng jro naraka, yen cidra kawuwus ingsun puniku, aja ko undang Ko Dyan Su, kang kasusreng jana, widigdaya sumbaga sudireng kewuh, nindhita sakehing gelar, siluman kalanya myarsi.

Duka ngawet lathi nira, narik pedhang mangrupak ing ngajurit, tinadhahan pareng caruk, abir pedhangku mrampyang, rame de nredi nedra pupuh-pinupuh, tangkis-tinangkis sarosa, Gyan Lyong Kun sri narapati.

Dhasar wanter kawewahan,ngunjuk arak wewah geng ingkang galih, ngriwut ing prang wus tan emut, yen mungsuhnya siluman, ngangseg-deseg nganan ngeri.

Nir sarwi mupuh, sudira mangangah-angah, Lao Moh kwi tan kuwawi.

Duk lagi wolung rambahan, pangancape aber panangkis neki, lumayu enggal tumurun, nenggih saking lotengan, tinut wuri binujung marang sang prabu, yata Cyu Jit Cing kalawan-waan, gyaa saabdi nireki.

Wruh seluman wus kasor prang, binabujeng marang sri narapati, agupuh samya tutulung, bujeng saking ing wuntat, lawan nabuh kabeh tengaraning pupuh, tambur suling lawan kendhang, binarung marecon muni.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Swara umyang mawurahan, kadya guntur oreg kang bumi gonjing, rame surak ngalor ngidul, wan gye kakalihira, ugi tumut sing tebihan atut pungkur, wit ajrih marang siluman, yata wau Yao Lomoh kwi.

Mireng swara mawurahan, palayunya bingung amempis-mempis, ngalor-ngidul bina bujung, tur padhang lir rahina, ing saenggen-enggen wonten etingipun, kapengkok mandeg sedyanya, arsa pokok ing ngajurit.

Nanging duk tumolih wuntat, mungsuhira kathah datan pa wilis, lan ngrenggep sanjatanipun, gugup ulatnya biyas, langkung payus palayunya nusup-nusup, wus nyiptaa tan kuwat lawan, pinatip lajeng ireki.

Sang nata meksih tut wuntat, nanging Jit Cing sarowangira keri, Lao Moh duk nolih pungkur, mungsuhnya mung sajuga, kang nututi mandeg arsa nglawan pupuh, sarwi asru wuwusira, eh Ko Tyan Su de kapati.

Pati denira angoyak, lagi mingkem sang nata selak prapti, Lao Moh ken napi pupuh, jangganira kalenggak, kagyat nolih pinindho malih pinupuh, tenggokira ingkang kena, sumaput sapon nireki.

Niba gumuling ing kisma, sang nalamur mara arsa mungkasi, aninggas ing jangganipun, nanging ora antara, pun siluman badhar mulih ajalipun, sang nata kagyat tumingal, mungsuh sirna pan kaeksi.

Buburon asah wardanya, ageng inggil sirahnya kaya sapi, ana kalih sukunipun, cangkemira ajembar, untu ngrangas jatha gimbal nganggo siyung, netra geng maniknya abang, wuluning sirah warna brit.

Awawar tur rembyak-rembyak, wulu badar ijro warna nireki, nalikanya sang a prabu, tumingal kang mangkana, dahat ngungun sumlenger rep tanpa muwus, yata wau sang siluman, wusnya badhar krodha angrik.

Swara kadya gelap ngampar, neng gagana balik arsa mungkasi, anyaplok mring sang nalamur, duk parek kagyat umyat, sing awiyat nagara ja ingkang rawuh, ing ngiring kang bayu braja, padhangi ana ing ngarsi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Yaiku kang bujang gendra, kang rumeksa ingkang jeng sri bupati, Ngoh Jya Kin Gyong namanipun, marmanira tumedhak, pan ing ngutus marang hyang kang maha luhur, rumeksa sarira nira, wijile kang para aji.

Sri Gyan Lyong Kun winong wong ing widi, narendra kinaot, Lao moh kwi waspada titingale, mawa cahya praptaning nagaji, ngunguwung nelahi, wus grahita lamun.

Kang angaku Ko Dyan Su manawi, kangjeng sang akatong, dahat suka mesu ciptane, tan antara angin ageng prapti, sirna Lao Moh kwi, bareng lawan lesus.

Lan nilarni surat teng sutra brit, Cyu Jit Cing kacriyos, wus sumusul neng wurining rajeng, tumingal ing lamun Lao Moh kwi, wus lumayu gendring, sirna lawan lesus.

Marga pinapag sing ngawiyati, ana cahya katon, angadhangi rumeksa sang rajeng, kawuwusa sang nalamur dhiri, sasirna nireki, Yao Moh Kwi sampun.

Pulih malih kadya wingi uni, duk sumlenger alon, kang rurupan kalangkung anehe, yata Jit Cing marek ngarseng aji, lan umatur aris, duk wau pukulun.

Yao Moh Kwi arsa mrek ping jurit, mungkasi ing pupoh, mring paduka anguntal karepe, nuli wonten sing ngawiyat prapti, kang cahya dumeling, nyegati ing ngayun.

Nira Yao Moh Kwi lajeng gendring, wau sang a katong, duk myarsa Cyu jit Cing ature, pan ginagas sajronireng galih, katujune meksih, winong wong hyang agung.

Yen aja apesthi ingsun mati, den badhog wak ing wong, marang setan sisiluman kuwe, yata samana uwis byar enjing, Cyu Jit Cing ningali, lamun tilasipun.

Enggenira Yao Moh Kwi nenggih, ana serat katon, gya pinendhet ing ngaturken age, mring sang nata winaos kang tulis, mangkana kang uni, pan kala rumuhun.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Wus pinesthi jodhoning ngakrami, boya kena linyok, lan tan kena yen dinaupake, mring wong Shah Sya marma bataradi, hyang Tae Pig Kim Sing, kang dhawah mring ulun.

Arumeksa marang sang sudewi, Soh Cun away ngantos, pinanggihken lawan wong liyane, wus pinesthi yen jodhonireki, tan kena lyan jalmi, mung Cyu Jit Cing Kong Su.

Jodho nira nenggih sang retna di, samangke wus rawoh, aneng ngriki den daupna age, ing samangke amba nuwun pamit, mring kayangan mulih, mangkana winuwus.

Marma sira Tan Cing bisa nganti, panggih lan sang katong, lan putra negih Pun Soh Cun kuwe, ginarpa mring raden Cyu Jit Cing, wit salamineki, Tan Cing Tan Ting iku.

Anggejanjar mring wong pekir miskin, danane tan pedhot, dadya mangke antuk walesane, kabecik marang batharadi, samana kawarni, Tan Cing lan renipun.

Sami prapta sumusul ing aji, wus sirna kang mungsoh, dahat suka yata sang ngarajeng, serat sinungaken marang Tan Cing, gupuh den tingali, jroning tyas kalangkung.

Dahat rena tan pahe lir manggih, emas pitung gedhong, alon matur yen makaten kiye, putra kula Pun Soh Cun pinesthi, jodho lan sang pekik, gih pun Jit Cing Kong Cu.

Gih kalaamun paduka tan nampik, anak kula wadon, dene amba wong punggungwijile, nora weruh ing uda nagari, sang namur nabda ris, asanget jumurung.

Lamun sudi dika arsa ngambil, mantu mring nak ingong, kula sewuju murung yektine, dene dika satuhu yen apti, kakadang lan mami, wong nistha tur cubluk,.

Tanpa sanamubeng kandhang langit, dadi uwong manong, Wan Gye kalih duk myarsa sabdane, sang Ko Tyan Su dahat asor ragi, gumujeng pan sarwi, nyepeng astanipun.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Sarwi tinuntun manjing ing panti, kapat tata lunggoh, Wan Gye matur marang saang ngarajeng, yen makaten putra kula estri, kangge begyaneki, dene angsal kakung.

Bagus dasar prawira ing jurit, sudireng palugon, tur Twa Pek Kong igkang daupake, sri narendra suka tandya ngambil, mutra ra sawiji, mong kapanjiripun.

Wan Gye tampi lawan reneng galih, samana kacriyos, duk ing dalu sang Wan Gye kalihe, asembahyang sarima ing windhi, de putranya mangkin, wus antuk pitulung.

Luwarsa ing babaya geng nenggih, Jit Cing lan sang katong, ugi tumut sembahyang kalihe, saawusira nuli sami, Tan Cing manjing wingking, nganti garwanipun.

Sapraptaning dalem pungkur, wus panggih lan garwaneki, Tan Cing wawarta sadaya, purwa wasananya titi, kang garwa dahat sukeng tyas, ing dalu nora kawarni.

Enjingira Tan Cing sampun, prentah kinen arumati, sauparengganing karya, denya arsa darbe kardi, daupaken putra sira, kalawan raden Cyu Jit Cing.

Kawarna sang rara Soh Cun, wus waluya gerah neki, mung kantun lesu kewala, sasirnanya Yao Moh Kwi, wus tan nana ingkang godha, mangkana Tan Cing ing nguni.

Nalikanya putranipun, sakit ginodha ing eblis, apan uwis kintu serat, marang bakal besan neki, yen sami rujuk ing rembag, sinandekna denya apti.

Ngambil mantu putranipun, wit sanget anandhang sakit, bok manawa satohanya, iya ingkang nora becik, wong sheh cyu uga wus tompa, ing paminta nira tan cing.

Nuli ing wektu puniku, tan cing karya tulis, pan kinarya sayembara, sapa kang bisa nambani, mring putranya ingkang lara, yen jalma meksih taruni.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Lawan sejehe shehnipun, arsa dinaupken maring sang rara syoh cun manawa, jalmanya kang anambani, wong tuwa pan pinet kadhang, manjing ngasudara wedi.

Dene ing nalikanipun, shoh cun waluya kang sakit, lan tinamtu ing daupnya, kalawan raden cyu jit cing, tanci nulya kintu serat, mring wong sheh cu angulemi.

Dahat suka nireng kalbu, wong sheh cu duk tampi tulis, nadyan wurung dadi besan, pan manjing kadang sayekti, duta pan wus winangsulan, ngur ngalamun benjing ngenjing.

Sagarwa putra sadarum, badhe jagong anjenengi, daupe sang pinangantyas, samana nora kawarni, wis tinamtu benjang ngenjang, jam papat den nira panggih.

Sang penganten kalihipun, wit wektyeku kang prayogi, tan cing pan sampun sadiya, saupakaraning kardi, tuwin rarengganing wisma, lan tamanan ing boten ting.

Apan wus nireng gamurub, kadya kas margan kaeksi, tangeh lamun winuwusa, saestunya nglumuwihi tancing denya amiwaha, awit putra mung sawiji.

Lawan badhe mantunipun, cyu jit cing jalma linuwih, wirutama trah ing wirya, mangkana dalu nireki, midadareni tamunya, kang tebih-tebih wus prapti.

Syeh cu sagarwanya rawuh, tancing kulawarga neki, prapta wus pepak sadaya, anjenengi ing karamin, sang nalamur tumut kasukan, sukan lan pratamu sami.

Noraga ngecani kalbu, tan kawistara manawih, iku jeng sri maharaja, samana duk wanci enjing, jam papat ing panggih ira, penganten anulya mijil.

Pasang dupa asumujud, mring alloh nuwun basuki, sawus ira gya sumembah mring rama sang namur ragi, tan jing sagarwanya, lan sakulawarga neki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Iya ingkang preneh sepuh, sinembahan sadayeki, nora nana kaliwatan, wus sira gya manjing wingking, kanten asta sang penganten, lir kamajaya lan ratih.

Kang estri ayu kalangkung, kakungnya bagus linuwih, kadya gambar wewangunan, ngilangken langening bumi, weh leng-leng ingkang tumingal, lir nganyut yuswaning ngurip.

Samana apan cinatur, tan cing nganti tigang ngari, denya boja andrawina, gamelan munya ngrarangis, suka-suka nira dahat, tan nana cuwa ing galih.

Sagung ingkang para tamu, wit tan cing bangkit nanggapi, ngecani tyas ing samana, tuwin ta sang namur dhiri, nutug denya sukeng driya, kumpul lan pratamu sami.

Tangeh kalamun cinatur, agenge ingkang karamin, wutah tan cing branan nira, yayah ngluwari pun nagih, duk prapta ing tigang dina, pratamunya samya amit.

Mantuk marang dalemipun, samana jeng sri bupati, duk lagi alalenggahan, lan tan cing tan ting wong kalih, alon arum andikanya, mitrawan gye kalih neki.

Yen sami rujug ing kawus, kula arsa nuwun pamit, andugekaken lelan, marang ing kanglam nagari, wit kawula boten kena, yen lagi-lagi neng ngriki.

Jalaran ta lampah ulun, nglakoni ayah ana nagri, dene jit cing putra ingwang, inggih kula ajak mangkin, benjang yen kula wus prapta ing kuta raja anuli.

Lajeng kengkenan ametuk, mariki garwanya jit cing, lawan paduka kalihnya, marang kuta raja nenggih, wan gye kakalih myara, jroning tyas anawung brangti.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Dahat pakewuh ing galih, duk myarsa sabda mangkana, panglo citaning galihe, dene ta temanten anyar, jit cing lawan putreng wang, mangke arsa den jak, nglangut sedenge lagi pasihan.

Upama sun nora olih, sayektine nora kena, dene nyandet anak ing wong, lan malihipun punika, ki besan tanpa rowang, neng marga yekti pakewuh, lawan anglakoni ayahan.

Amariksa nagri-nagri, susah lamun tanpa rowang, wusnya ngarti kamangkana, tan cing arum wangsulnya, ki besan mung sumongga, sakarsa kawula manut, mung saking padnuwun amba.

Inggih sampun lami, nuli wangsula kewala, sang nata mangsuli sagoh, ya ta jit cing wus samekta, sadaya babektanya, lan amiting garwanipun, tuwin mring mara sepuhnya.

Sang namur uga wus amit, lan tan cing tan ting kalihnya, tandya budhal sang ngarajeng, kang kalih tur kurmat, ngater ing tindhak ira, ngantya sak pal lagya wangsul, ya ta sang namur kawula.

Tan reksa tindak neki, lon-lonan samarga-marga, suka umyat sang ngarajeng, harjaning kang padusunan, lan sri ning taneman pala kapendhem gumantung, sami sedheng uwoh ira.

Andendeng tepining desi, sawah-sawah pategalan, lagi gumadung wayahe, samana ing tindak ira, ngambah wana tratamban, ing ngriku pan bawahipun, ing ae cing kaipraja.

Kanan keri nireng margi, katah ingkang gununganak, kekayonana nira ayom, ayem ingkang alemampah, midid maruta monda, lan katah swaraning manuk, tuwin ingkang sata wana.

Mawah rena kapiyarsi, peksi engkus sasauran, aneng ing ngepang amencok, katah ingkang tlaga-tlaga, tur wening toya nira, iliningwe yen dinulu, tanpahe kaya salangka.

Gumebyar amba lerengi, kasorot sunar, ring surya hyang bagaspati wus ngayom, gumlewang lingsir wancinya, ya ta sang namur lampah, arsa kendel sedyanipun, angupaya pamondhokan.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Samana pan wus kawingking, nenggih ingkang gunungan, angambah reratan gedhe, lan wus celak padhusunan, sukeng tyas sri narendra, tumingal kang kali agung, wening asanter ilinya.

Duk dugi tepining kali, kagyat sang namur tumingal, dene ana uwong wadon, meksih taruna kang sarta, nuntun mring anak ira, sakawan pra samya kakung, kang sijilit neng gendhongan.

Wong wadon iku garbini, neng tepi kali karuna, lan gedrug-gedrug sikile, ririh melas sasambatnya, angur ingsun palastra, nyebir kali sak anakku, saking nora kuwat nyandhang.

Susahe mangkene iki, duk arsa gebyaring toya, gupuh wau sang ngarajeng, lumajeng nyandhak astanya. Tinarik sang wanita, dugi tepi margi agung, nanging sang retno sedyanya.

Peksa ta lumebeng kali, lawan sru kang nguman-uman, marang kang gandheng tangane, amenggak ing karep ira, den myarsa nglalu pejah, nanging wau sang nalamur kukuh ing panyekel ira.

Duk prapta tepining margi, wadon mau maksih uga, asosotaken sang kathong, nanging nora piniyarsa, nta aris sabdanya, kula niki dahat ngungun, tumingal marang abdika.

Yen lumrehe wong nulungi, antuk ganjaran kencana, tuwin arta ingkang akeh, nanging magke malah ora, tompa ingkang ganjaran, namung nampa pisuh kumrutug, sakranjang-kranjang.

Niku kula tan mangerti, bok nganten karep abdika, teka aneh anyerweteh sang retno mangsuli sugal, jer dika murang krama, pundi wonten adatipun, wong kakung tur dudu akrab.

Wani nyekel wong pawestri, sinten kang tan sosotena, lan malih menggak kaseng ngong, wong arsa angla lumejah, nata rum wangsulnya, gih boten praduli ingsun, gendi karsa nglalu pejah.

Namung kula arsa uning, prawitanipun punapa, de ta anak dika kabeh, papat dika jak palastra, tur maksih alit samya, tuhu dahat karya ngungun, karsa dika kang mangkana.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Kula ngeres aningali, mring anak dika sakawan, de maksih sumruwet kabeh, napa malih kula sawang dika niku awawrat, dadi siya-siya tuhu, yen dika nekad palastra.

Mula sajarwaha aglis, inggih prakara punapa, bok manawa jeneng ingong bisa tutulung mring dika, abdi rat sungkawan ta, sang retno mangsuli wuwus, tanpa gawe jroning kalam.

Boten wonten damel ira, kula cariyosna sami, prakara kula punika, mung sabisa anulungi, yen dudu sri bupati, mung iku kang bisa tulung, yen dika kula epal, mesthi lamun boten balik, lah marmanya aiwa malangi karseng wang.

Wus sun sedya lalu pejah, sang namur kalanya myarsi, sabdanya kang kudu pejah, gumujeng sajroning galih, andika sira aris, lah ta mangke kula tutur, nedyan dika lajengna, gen di karsa nekad lalis, neng pyarsakna rumiyin crita kula.

Kula kotyan su pasengran, kuta raja wisma mami, ugi nyepeng pangadilan, lan lau yong rewang mami, punggawa ageng nenggih, kun tikahe agsu lungguh, marma mesti yen bisa, kula tulung ing sireki, nadyan dosa nira sageng pindha arga.

Yekti nora dadi ngapa, wit laku kula mariki, pancen nglakoni parintah, kinen mariksa nagari, tuwin pra kawula lit, yong boh lao yong kang dawuh, iku karo punggawa, sami ageng lenggah neki, marma nira bok nganten dika jarwaha.

Mesti kula lamun bisa, tutulung marang sireki, miturut adil ing praja, wong wadon kalanya myarsi, kaduwuh jroning galih, de nira wau mimisuh, wasana lon aturnya, anembah sumujud kuwi, duh wong agung denya geng pangapura.

Saking dahat boten wekas, mring paduka kang sayekti, sang retno wau duk arsa, ganjarken cariyos neki, nanging de nira angling, meksih kaworan pamuwun, wit enget kakung ira, denya sinyarda nglangkungi, temah wacananya tan kena piniyarsa.

Nata sansaya wlas umyat, pan daharum amaripih, eh yayi muga jarwaha, aja ta pijer anangis, sabisa-bisa mami mesti tulung mring

sireku, sang retno megap-megap angampet tangis sireki, luh ira dres ngusapan rasukan ira.

Makidupuh ngarseng nata, sarwi atur ira aris, kawula wong nista dama, meskin tan sameng dumadi, kawula sheh ko ugi, meksih sentana pukulun, dene laki kawula, Thyo Kwi Ong nama nireki, pan wus darbe anak sakawan punika.

Griya kawula ing desa, ingkang katingal punika, de laki amba karyanya, wade bebek kalawan pitik, ingkang karya ngingoni, sahanak brayat sadarum, duk kala wingi nira, lakyamba keneng bilahi, pinitenah marang Kijin San wong kaya.

Kasuwur sugih kalintang, darbe pangkat nami anlim, tumbas bebek kalawan ayam, dumateng ing laki mami, awit Kijin San apti, nyalameti putranipun, marma tetuku katah, sapuluh tailpan luwih, tigang dasa slaka langkung wolung mata.

Puniku regi ing ngayam, lakyamba suka kapati, de pepayu langkung katah, bungah tan pipicis, nanging kurang setithik, duk prapta ing wisma ulun, pariksa salakanya, siji tan nana kang yekti, kabeh palsu dembaga putih kinarya.

Wit bojo kula punika sanget bodo tanpa budi, tan wrissalaka kang nyata, temah amba kengken bali, mangsulken kanang picis, duk prapta ing griyanipun, Kijin San laki amba, ngijolken arta nireki, lan sapa ja tutur yen dene salaka.

Dembaga sadaya nira, pun Kijin San boten apti, malah angikal bicara, makaten sabda nireki, duk wau picis mami, salaka sadayanipun, sireku uwong ala, wani-wani angijolli, duwit palsu denawanken darbek kong wang.

Laki amba amangrepa, keh-akeh atur nireki, upa ta tan piniwarsa, malah sanget tampi runtik, reh pawitan sathithik, bakal dadi arta palsu, dadya laki kawula, kang branang temah aswani, garejegan kalih dadya kakerengan.

Kijing San anulya ngundang, gurunya kang ngajar jurit, tuwin para abdi sira, ngrubut dateng laki mami, temah satengah mati, sinongkolan

kinarubut, lakyamba gya binonda, ing ngaturken maring nagri, kuta kim ping dipati tiu kang lenggah.

Sinebutken bojo kula dadya bajag ing jaladri, sang dipati mung percaya, kijin san aturan neki, thyo kwi ong gya sinepir, lan pinutus ukum lampus, winangen satus dina, tinugel sirah ireki, laki amba awit Kijin San punika.

Sugih guru kang ngajar prang, tan kewran gelar ing jurit, lan abdinya tanpa wilang, napa malih pra prayayi, kabeh sae kakapti, lan Kijin San semu takut, mula tan papariksa, prakawise laki mami, mung pinesti lajeng dipun ukum pejah.

Duk kula myarsa mangkana, lajeng ngajak anak mami, papay pisan kula bekta, manggiha Kijin San nenggih, anunuwun ingkang sih, pamrih amba wlas sadulu, dateng laki kawula, anaknya meksi lit-alit, nanging boten pisan lamun darbe wlas.

Inggih nyuwun pangapura wedalaken saking buwi, ning minta tebusan slaka, satus tail wawrat neki, yen amba boten bakit, badhe dipun wade ulun, dateng lurah wong ala, lurah lunthe arsa neki, arsa pinetmih nong katebusan ira.

Inggih ta bojo kawula rehne amba tiyang miskin, boten gadah arta sigar, kawula pilaur mati, kalawan anglakoni, panggawe kang nora arus, wong ala salaminya, kaesihe neng buwi, marma nira kawula semah pocungan.

Lalu lampus, anak kawula sadarum, papat amba ajak, supaya bareng amati, lamun boten anak amba tumut pejah.

Boten wurung , kaliren sadaya nipun, awit boten ana, inggih ingkang angingoni, tan wus asang sarag layang saparannya.

Kawlas awun, wus judeg pamikir ulun, tan namalih akal, liyane mung lalu mati, sewu begya neng ngriki panggih paduka.

Duh wong agung, mugi paringa pitilung, dateng laki amba, sasat paduka aparing, urip dateng sadaya brayat kawula.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Prapteng lampus, manjalma akaping pitu, boten supe amba, pitulungan nira yekti, run tumurun mangestu paduka.

Sanalamur myarsa tur ingkang kadyeku, dahat duka nira, jroning tyas, osik ireki, kaya apa bangsat Kijin San warnanya.

De kalangkung, langkung denya siya iku, mring samaning jalma, tan ajrih dukaning widdhi, apa cipta nira tan nana kuwasa.

Kang luwih gung, angutug mring awakipun, sun lagi myarsa, wong mangkana patrap neki, sasat arsa mangan wong urip-uripan.

Peksa digung, kumlangkung tan jrih hyang agung, sajroning duka, nata maksih songga rugi, mangu-mangu dene ta mentas kewala.

Ara-uru sang prabu meh keneng ukum, aneng ae Pik Wan, kurang thithik tekang pati, dadya mangkya sinabaraken ing driya.

Wasana rum, abdi kadira sang namur, eh yayi wak ingwng, sabab boten ,ken nilami, aneng ngriki lalaran keh perlu ningwang.

Mriksa sagung, liya-liya ing prajagung, mangkya karsa ningwang, pirukunen bae yayi, enya miki sira sun paringi arta.

Slaka satus, tail iya wawratipun, bojomu den enggal tebusen krana ing becik, tembung ira kang arum mami las soso.

Dimenipun, kijin san banjur apurun, ngluwar nigra janta, san retno kalanya myarsi, dahat suka manembahan pan niarsa.

Matur nuhun, dahat suka nireng kalbu, gya gendhong anaknya, sajuga kang meksih alit, kang titiga tinut ing keri kan nana.

Sang nalamur, sanget welas siran dulu, dene sanak ira, papat pisan meksih alit, sandhang papapinitenah marang jalma.

Sang aprabu, pan kumumbeng waspanipun, ya ta sang kusuma, saking suka nireng galih, wit ciptanya kang priya mesti yen medal.

Boten estu, inggih dipun ukum lampus, wit wus gadah arta kang kinarya anebusi, dadya wau supe boten atetanya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Pondhokipun ri sang namur laku, duk durung antara, tebih sang retno gya bali, sri narendra lawan cyu jit cing tumingal.

Yen sang ayu, wngsul malih lampahipun, kalih sami ngantya duk prapta sang dyah akuwi, sarwi matur kawula wau kalepyan.

Dereng matur, tangled pondhokan pukulun, lan dalem panduka, kutha raja ingkang pundi, prenah ira kawula kedhah uningal.

Awit lamun, laki amba sampun metu, saking ing kunjaran, kula ajak angabekti mring paduka katur rageng pannarima.

Dene sampun, paduka atulung umur, tuwin bok manawa, ki jin san gih datan napti, asampe sisa king paminta kawula.

Dadya amba lajeng saged atur weruh, marang jeng paduka sang namur mangsuli aris, rehning wisma kula aneng kuta raja.

Sakalangkung, saking ngriki tebihipun, lawan inggih susah, lamun arsa amanggihi, dateng kula lamun nora gula drawa.

Nora gampang mlebu kutheng ngaji, marma ngira adhi boten susah, amanggihi jeneng ingong, mring kutha raja iku, namung kula melang sakedhik, inggih embok manawa, kijin san tan purun, nampani paminta dika, temah susah mila kula benjing ngenjing arsa mring wisma dika.

Angentosi prakawis sireki, kados pundi nanging prayoganya, saniki muliha age, supaya bisa ngrembug prakara nta wau sang dewi, kala nira myarsa, dawahnya sang namur, matur nuwun tandya mentar, kawuwusa wau kangjeng sri bupati, nuli ucal pondhokan.

Kaleresan ing ngriku tan tebih, wonten juga kang wisma pondhokan, kalih sami manjing age, dalu nyare ing ngriku, enjing ira sawusnya bukti, lan bayar arta sewan, tuwin arta sekul, kalih nuli apamitan, angulati Thyo Kwi Ong wisma nireki, tan dangu wus kapanggya.

Kaleresan Thyo Kwi Ong kang estri, lenggah aneng lawang duk uninga, sang kalih wau praptane, gurawalan amethuk, aing aturan manjing ing panti, wus sami tata lenggah, sinegah the arum, nulya Kwi Ong bojo nira, kengken dateng maratuwa bnira aglis, bekto wang tetebusan.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Satus tail salaka prat neki, kwi Ong ibu nira uwong sheh ta, duk ing agya mring mantune, anebus putranipun, tampi arta lumaksana glis, dene sang namur lampah, ngentosi neng ngriku, antara ana catur jam, sang ngawreda estri wus katingal bali, sarwi lara karuna.

Rema reyab-reyab lan sru anjrit, urut marga kadi uwong gila, kuthah lebura sukmane, arta binekta wangsul, nata umyat kagyat jro ati, mangkana osik ira, apa sababipun, siwreda lara karuna, apa baya si Kijin San nora apti, nampani wang tebusan.

Ajak malah den ijoli maning, duwit mau sinalin dembaga, tan dangu prapta lampahe, thyo kwi ong inunipun, meksih asrut den nira nangis, gupuh sang namur tanya, eh bibi ywa mumun, apriye prakara nira, duk ing mau apa sira wus kapanggih, oya marang kijin san.

Wreda matur kawula duk panggih mring kijin san sanjang lamun arta, nebusi dateng thyo kwi ong arta tinampan sampun, boten dangu antawis neki, winangsulaken arta, jin san sabdanipun, tan narsa tinebus arta, kang pininta mung thyo kwi ong bojo neki, arsa winade marang.

Lurah lunthe nanging wau picis, sarentg kula pariksa sadaya, temah sampun maleh kabeh, kijin san ingkang malsu, kula boten purun nampeni, pan nganti garejegan, kijin san memisuh, katah-katah dateng amba, lajeng ngutus abdinya jeng kang ken maring, kawula karengkangan.

Saking baturing wisma kuwalik, kagalondungan tireyab-reyab, badan gupak lebu kabeh, samangke boten wurung, yen paduka boten nuylungi, estu tumekeng pejah, inggih anak ulun, sabrayat nandhang sangsara, awit boten wonten kang ngucalken bukti, tan wus pejah tan mangan.

Sang nalamur kalanya myarsi, ngeresing tyas temah anduhkita, dereng pinenggih pikire, mangkana osikipun, upama sun nora nulungi, dene sanget mamelas, siniyarda kalangkung, thyo kwi ong prakara nira, wasana rum andika nira sang aji, eh bibi ywa sumelang.

Ing sabisa-bisa wong tulungi, anak dika metu sing babaya, ning mangke tuduhna age, kijin san wismanipun, lamun sampun kula udani, dika bali

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

kewala, natha tandya dawuh, mring jit cing kinen wangsula, ing pondhokan wingi ingkang den inepi, lan gawa babektanya.

Sawus ira nata gya lumaris, lan mring sang wreda tan dangu wus prapta, kijin san pada lembane, wusnya tuduh mring prabu, ibu nira thyo kwi ong bali, ya ta sang namur mlampah, manggihi kang tunggu, wiwara kinen ngaturnya, mring kijin san bilih arsa amanggihi, marang bendara neki.

Rencang gupuh manjing tur udani, mring gustinya kijin san gya medal, methuk marang tetamune, nulya ngajak malebu, kalih sami tata alinggih, kalih asila krama, eh tamu kang rawuh, ing ngajeng pundi sinedya, lawan sinten pinembt wewangi neki, dene anyar katingal.

Kang tinanya alon anauri, wisma kula inggih kuta raja, kotyan su panengran ning ngong, milanya kula prelu, amanggihi mitra mariki, yen arta sarju ningtyas, anuwunken maklum, pun thyo kwi ong prakaranya, mugi mitra angapura sisip neki, nglueari sing kunjara.

Serep-serep mitra maring urip, ning sakula warganya sadaya, awit thyo kwi ong anake papat pra sami kakng, meksih alit sadaya neki, mong kakang uwal sandhang, lawan panganipun, namung thyo kwi ong pribadya, yen ngantiyo puniku semah ilalis, kabeh nandhang sangsara.

Sami mati kaliren tan bukti, kalawan ukmi ong bojo nira, mariki beta artane, ingkang mong kapasebus, satus tail katah ireki, tuh lan sadaya slaka, nanging jebul wau, dadi palsu wang dembaga, nongka arta satus tail saking mami, duh babo mitra ningwang.

Awelasa marang kang kaswasih, mitra aiwa mikir sapa-sapa, ningalana kula bae, inggih ing tembe pungkur, kula eling kadarma neki, Kijin San wus myarsa, amangsuli arum, punapa thyo kwi ong sasak, lawan dika dene ta sanget mincasih, mitra dateng ing kula.

Nanging mangke inggih karsa mami, prakaranya pun, kwi ong punika, yen tan tinebus samangke, kathahnya satus ewu, tail dhuwit salaka putih, kula estu tan suka, sida kula lampus, tan usah akeh wicara, tan akarya mitra rembagan lan mami, sang nalamur duk myarsi.

Jroning driya sanget denya runtik, ning sinamung netya lon manabda, dawuh babo mitra ingngong, bok aiwa ngugung bendu, awelasa mring wong satithik, temene dene sanak, kwi ong lawan ulun, namung saking welas umyatnya de tumingal pun, kwi ong bojo nireki, arsa megat nyawanya.

Saanaknya papat karsa den ganjal sun, anyegur tengahing kali, dadi kula wlas dulu, lajeng kula pitakeni, marang ingkang nedya layon.

Inggih ana kang dadi prakaranipun, thyo kwi ong swami nireki, cariyos sadayanipun, inggih kalamun amanggih, prakara langkung pakewuh.

Alawan nanda teng paduka puniku, marmu kula miminta sih, sanget-sanget mring pukulun, mugi ta paring aurip, mring tiyang dama thyo kwi ong.

Marma nira iku kang jeng sang aprabu, minta sih ngesor kendiri, ywa nganti dadi dahuru, rinukum krana ning becik, awit kangjeng sang akathong.

Meksih jinja nalika nira rumuhunnya arsa dipun ukum mlalis, neng Ae pik Wan sang prabu, mila mangke kang panggalih, sabar tur sanget ngalap sor.

Mimenta sih tembung ngira manis arum, nanging sanget boten dugi, yen kijin san atinipun, dur cara gedheg ging buwi, ratu-ratu ning wong awon.

Pan mangkana kijin san wangsulanipun, eh mitra lamun sireki nora gawa satus ewu, tail wis ingsun tan apti, aiwa kakeyan cariyos.

Tanpa gawe rembugan akeh pamuwus, mundhak balebegi kuping, nata kala nira ngrungu, nadyan wus sabar kang ngati, ning basa myarsa mangkana.

Sek pengkarna nira wau sang nalamur, tan kena ngambah kang runtik, sugal asru wuwusipun, eh ta apaling ngireki, samene sun arsa takon.

Apa manut apa ora marang ingsun, sun darbe akal pra mati, kijin san duk myarsa wuwus, durung wruh jarwa nireki, wasana tatanya alon.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Akal apa aku pan arsa sumurub, nata amangsuli aglis, nata mara nyekel gupuh, kijin san suku nireki, lawan tangan nira karo.

Pan rinangkus mangkana abdi keng prabu, iya iki akal mami, apa sira jaluk lampus, tan napi anjaluk urip, ayo muniya den gupuh.

Sang kijin san nulya ing nguncalken sampun, neng plataran anggulingting, kempis-kempis nedha tulung, marang abdi nira sami, tan dangu sakeh ing uwong.

Abdi nira kijin san prapta gumrubug, tigang atus winatawis, samapta gegamanipun, kijin san sru ling ira, payo ngadang aden gupoh.

Ing wiwara pada den prawit neng kewuh, ywa nganti gagal sibelis, setan alas soroh amuk, nulya apa prentah malih, mring abdinya kang separuh.

Lan pra guru niken mangrupak ing pupuh, kijin san dhawah ireki, sapa ingkang bisa mikut, ingsun ganjae bana radi, pra guru myarsa kang dawuh.

Dahat suka pra guru sami tekabur, sang kana ciptaning galih, mong saruwung tan kapikut, gondra sasira wong siji, jer sun prawireng palugon.

Nora wurung bakal tompa awak ingsun, ganjaran kang bara nadi, wusnya ngarti kakadyeku, gupuh sami marepeki, nedya mikut sang akathong.

Solah ira galak lir singa manahut, ya ta ni sang namur dhiri, waspada yen mengsahipun, prapta sagegaman neki, prayitna wau sang kathong.

Pan trengginas kijin san malih pinikut, mung arsa kinarya tangkis, ya ta jin san abdinipun, kang arsa mrawaseng jurit, kanggeg den nira tumonton.

De gustinya pinikut mring mengsahipun, temah anjrih mreping jurit, menekkena gustinipun, kaweken kenden pra sami, malongo adelog-delog.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Asru nabda wau kangjeng sang aprabu, eh jin san prentaha aglis, iku wadyamu kon mundhur, denya ngepung marang mami, yen nora tan wurung mengko.

Sirah ira ingsun bentusken ing watu, tan wurung mati rumiyin, kijin san myarsa kadyeku, ajrih gya mrentah mring abdi, kinen amunduro gupoh.

Sang nalamur suka ing nguculken sampun, kijin san wau sang aji, nyandhak kursi sedyanipun arsa medal marang jawi, bok manawi ingkang mungsoh.

Meksih ngadang inggih wau wedalipun, kursinya kinarya nangkis, wonten sajuganing guru, ngadang metuken sang aji, angsahnya nembang jingga nom.

Duk pinapag marang sang namur kawula, kalih rame ajurit, sang nata prayitna, minger ngeri anganan, mung rutan kelar nadahi, kas liring ing prang, ken naki seprug kursi.

Pan kalenggak tiba nira ngatang-ngatang, gupuh sang namur dhiri, ngrebat gaman nira, karya nglawan ning mengsah, nganan ngeri sru manangkis, kathah kang pejah, kijin san abdi neki.

Nanging meksih pinarpekan ing ngebyakkan, nata tan waged mijil, meksih neng jro dwara, kinepang kinakalang, sajuga guru ningali, yen mengsah ira, prakos wahing ngajurit.

Tandya prentah anutug kanang wiwara, tumandang kang sinungling, lawang tinutupan, saking jawi jinaga, sedyanya pinikut urip, kinalang kalang, kinepung amba thithit.

Sang nalamur kawula emenging driya, kinepung amba thithit, cipta yen bahaya, mangkana osik ira, samangko yen awak mami tan nganggo akal, kaya kwan kong ing nguni.

Duk neng kang tang tan wurung bilahi ingwang, carita nira nguni, neng samkup seratnya, kwan kong pan keneng gelar, ira loh syog sennapati, nira wong kang tang, kwan kong pan den aturi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Sang mudananipun, ajak ondra nira, lan den jak rukun becik, nanging wisananya, kwan kun tyang sapraptanya, sanggrahan gya manjing panti, uga binoja, wiwaha amesuhi.

Ning ing jawi kinepung binaya mangap, loh syag karsa nireki, kwan un tyang pan karsa, cinekel rip uripan, kwan kong waspada ing nalih, yen kenang gelar tan dangu antuk pikir.

Samudana wuru denya ngunjuk arak, loh shyog nulya kinempit, gya binekta medal, samarga tan kena nawala, dadya kang para prajurit, kang wus siyaga, kendel namung ningali.

Mring gustinya senapati ning ngalaga, wilujeng tlampah neki, kwan untyang pan ngantya, kundur ing sanggrahanya, luwar saking ing bilahi, ya ta sang nata wusnya tetep kang pikir.

Arsa rikut wan untyang akala nira, tandya mlampah sang aji, sakedhap wus prapta, kijin san ngarsa sira, pinikutan bisa budi, ing ngagar-agar, arsa dipun telasi.

Sarwi asru nabda sang anamur lampah, eh jin san paran kapti, apa jaluk gesang, apa arsa palastra, lamun sira arep urip, lah dipun enggal, iku wadya neki.

Kon ken padha sumingkir ingkang atebah, lan buwang gaman neki, yen sira tan arsa, mrentah ning wadya nira, tan wus sira mati disik, neng ngasta ningwang, ya ta kang ngepung sami.

Duk ningali gustinya, cinepeng mengsah, kori binuka malih, arsa nganteb ing prang, nulungi bendharanya, nanging ta wau sang aji, uwis prayitna, yen mengsahnya merpeki.

Arsa numbak saweneh arsa amedhang, kijin san kang kinardi, nangkis keri kanan, kijin san garonjalan, sarwi jrit sabda nireki, pada mundura, mengko gaman nireki.

Nora wurung iya bakal makan tuwan, wau kang para dasih, myarsa sabda nira, gustinya kang mangkana, dadya kendel sarwi nebih, nata tumingal suka mesem jro ati.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Sang kijin san mangrepa alon tur ira, kotyan su mitra mami, mugi aparinga, ngapura maring kula, napa sakarsa nireki, boten suwala, jangjine kula urip.

Sri narendra ngabdi ka iya kijin san, iku wadya nireki, kon mundur kang tebah, lan buwang kang gegaman, ngaterna sun medal jawi, kalamun nora pesti yen sira mati.

Sun tan duga kijin san dene ta sira, iya wedi ngemasi, nanging kena ngapa, dene ta teka nira, murka canda lagedegi, lah dipun enggal, wadyamu kon sumingkir.

Sang kijin san parentah malih ing bala, ken mundur ingkang tebih, lan buwang gegaman, lawang kinen ambuka, ngater kotyan su mring jawi, nata tumingal kang ngepung wus anebih.

Lan binuwang sadaya gegaman nira, kijin san karsa neki, arsa den culken, sakedap sri narendra, angarti kajroning galih, mangke manawa, kijin san dusteng wuri.

Basa wus sun culken mangkya, gek angundang bala kon ngepung malih, tan wurung bilahi ingsun, kijin san abdi nira, tanpa wilang mongsa bisa menang ingsun, angur betcik sun gawaha, marang ngarsaning polisi.

Prakara dimen pinarsa, sawus sira ngarti kajroning galih, sang nata anulya metu, lawan ngempit kijin san, pinapithing mendhelik maripatipun, arsa gronjalan nora bisa, gung anjerit minta urip.

Kabeh abdinya kijin san arsa tulung ajrih yen gusti neki, iya pinaten rumuhun, dadya mendel kewala, sami tenggeng anjigleg leng pandulunipun, ya ta sang namur kawula, sawarga playu nireki.

Sinurakan ing wong katah, sarwi alok sokur kijin san mati, slawase gawe tan arus, nyekek ngamal ing tiyang, angutakil mung pokil kang dipun luru, jarah ngrawah darbek king lyan, tan nana den pakengingi.

Ing mengko katanggor sira, antuk tanding peng-pengan sura sekti, samana lampahnya laju, sang nata sampun prapta, ing daleme polisi

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

tikwan kang lunggoh, kijin san binanting nulya aneng jro bin anggulinting.

Ngalumpruk tan enget jalma, sang nalamur tumingal yen prayayi, polisinya tan kadulu, sigra denya umalap, tambur ingkang aneng paseban ginantung, pinukul munya kumrapya, iku tambur pan kinardi.

Miranteni bok manawa, ana nalar ingkang kalangkung gati, ing sawanci-wancinipun, lamun kang tambur munya, mesti para polisi sadaya nglumpuk, ing wektye kuri sang tikwan, pulisi kimping nagari.

Sang cityong jujuluk ira, duk pinuju lenggah ing dalem wingking, myarsa unining tambur, gupuh denira medal, lawan para bawahnya wus sami nglumpuk, tikwan lenggah ing paseban, ing ngayab sagunging dasih.

Tumingal yen ana jalma, sarwa sutra panganggonnya mantesi, lan wingit pasemonipun, lawan umyat kijin san, anggalundung neng jro bimeksih, ta namut, sang tikwan nulya tetanya, mring sang namur sabda neki.

Eh jalma kang lagi prapta, ana apa prakara denireki, sowan marang jeneng ingsun, ing wektyeku kijin san, pan wus enget saking genira akantu, nanging durung tidamang, siji-siji nireng jalmi.

Deleg-deleg tanpa ngucap, gya sang namur matur marang polisi, kula anama ko tyan su, badhe atur uninga, mring paduka inggih kijin san puniku, dursila nawani anerak, laranganipun nagari.

Nembaga pinendhas laka, si nlamurken dateng kabeh tyang alit, gawe susah ing sawegung, patrap sawenang-wenang, roda peksa jarah darbeke wong dusun, ngriki ana tukang ayam, thyo kwi ong nama nireki.

Utang mapa mbeka nira, nanging meskin uga dipun apusi, dateng kijin san puniku, nata nulya carita, lelakone thyo kwi ong sadayanipun, tuwin bojonya denyarsa, nglalu jegur marang kali.

Kalawan sarira nira, mitulungi arta wrat satus tail, ingkang kinarya anebus, nanging salaka nira den ijoli dembaga kinarya malsu, lan malih sarira nira, wus mangepra miminta sih.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Anuwun ken pangapura, pun tyo kwi ong supaya den uripi, wit arsa den ukum lampus, amarga pinitenah, marang jinsan dinakwalamun puniku, tyo ong kwi pan dadi bajag, ngaturken mring sang dipati.

Tihu nora amariksa, prakaranya namung pracaca maring kijin san aturanipun, malah pinutus mangkya, ukum pati, mung ngentosi wektunipun, satus dina dipun tigas, tyo kwi ong jangga nireki.

Duh ri sang penggaweng praja, ing samangke paduka kula turi, mariksaha griyanipun, kijin san mesti ana, pirantinya denya karya duwit palsu, lamun cidra atur kula suka den ukuma pati.

Sang namur tuhu widagda, putus pamicara nira atiti, sang tik wan nalika ngrungu, turnya sang namur raga, ngalembana jroning driya osikipun, lah iki wong ngendi baya, wiwara nira patitis.

Tur wijang sapatah-patah, sajeg ingsun durung ningali jalmi, kang mangkene pinteripun, ya ta wau kijin san, wusnya enget pulih kadya unipun, tandaya mangarsa tur kurmat, mring tikwan tur ira aris.

Pukulun atura nira, pun kotyan su siji tan na kang yekti, malah tapiyam baktipun, kang arsa rajah ngrawah, ngroda peksa lumebet ing wisma ulun, arsa angrampas ardana, kanthi solah balir belis.

Amukuli dateng ulun, pan nganti satengah mati, nanging kotyan su de myarsa, jarah ngrayah ngrampas duwit, boten waged kaleksanan, jalaran pradasih mami.

Ananggulangi pakewuh, wasananya sipenyakit, lajeng ngampit dateng ingwang, binekto mariki iki, sarta matur dora cara, ngawon nawon dateng mami.

Ko Tyan Su estunipun, sampun anyakra dateng ing galih, yen kawula mesthi gugat, atur priksa mring polisi, marma ngriyini tur ira, mrih resik awak nireki.

Sumarma panuwun ulun, Ko Tyan Su pikuten aglis, lebetena ing kunjara, margi temen yen wong juti, rowangnya Thyo Kwi Ong bajag, gawe resah neng jaladri.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Lamun iku awet idhup, boten wande tembe wuri, wani ngecu jroning praja, katara polatan neki, tan pahe maling alasan, sang namur kalanya myarsi.

Duka asru wuwusipun, Ki Jin San wicara neki, boten pantes piniwarsa, lah Tik Wan Su mongga nuli, paduka mariksanana, Ki Jin San wisma nireki.

Mesthi kathah arta palsu, gawe pituna ing nagri, lan susahing pra kawula, ingkang pinaheka sami, kawarnaci Tyong Tik Wan, duk myarsa aturnya kalih.

Jroning tyas dahat wulangun, panglocitan jroneng galih, iki Ko Tyan Su katara, yen dudu sembarang jalmi, baya terahing ngawirya, kawitara semu neki.

Awan bauding pamuwus, ananging sun niki ajrih, ngrampungi iki prakara, sanadyan ingsun wus uning, Ki Jin San pancen wong ala, rereged ngrusak wong cilik.

Ana ing Ki Jin San iku, sanget denya mitra becik, lan Otyu sang adipatya, marmanya becike iki, prakara sun turken marang, sang adipati prayogi.

Dadi sun tan keneng ukum, kacrita Ci Tyong Beg neki, jejeg adil ngasto praja, nora arsa ika iki, lan tan arsa tampi ruba, Ci Tyong nora pisan-pisan, tumut-tumut ambaluhi, mung setya suwiteng nata, samana sawus sireki.

Ngartika ngandika arum, eh mitra Ki Jin San anlim, kalawan Ko Tyan Su sira, prakara nta iki mami, nora wani mutusna, samengko sira wong kalih.

Padha dhereka maringsun, sowan Otyu adipayi, nulya parentah ing wadya, Ci Tyong pribadi wasana, joli laju lampah neki.

Nora dangu prapta sampun, lajeng sowan mring dipati, Ciu namasineng lenggah, dene ta wewangi neki, Otyu nalika tumingal, Tik Wan Ci Tyong asumiwi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Tatanya ngandika arum, eh Ci Tyong wonten punapi, sira sowan jeneng ing wang, tur kurmat Ci Tyong pan sarwi, ngarutken serat papriksan, prakara nira wong kalih.

Lan ganjarken namanipun, sawiji-wiji wus titi, Otyu risang adipatya, nalika nira miyarsi, Ki Jin San ingkang prakaran, lajeng manabdaris.

Tik Wan muli asireku, prakara wus ana mami, mangke kula kang mernata, Ci Tyong sabdi katur neki, tur kurmat medal ing jaba, kondur marang dalem neki.

Ing marga nora winuwus, samana Otyu dipati, lajeng lenggah ingn paseban, ing ngayap kang para dasih, wusnya maos srat papriksan, tandya dawah mring kang abdi.

Pesakitan kalihipun, kinen majengken mangarti, Otyu samudana tanya, mring Ki Jin San apan naming, tri kecap anulya prentah, Ki Jin San kinen amulih.

Dahat suka matur ulun, Ki Jin San ulih ira glis, Otyu ti uwus slaminya, kalamun mriksa prakawis, pundi ingkang bisa ruba, tuwin ingkang sulih suwit.

Prakaranya karya unggul, samana sang namur dhiri, nalika umyat mangkana, jroning driya sanget runtik, netranya abang ngatirah, kumedut padoning lathi.

Jajabang asumung-sumung, yata Otyu sabda wengis, eh Ko Tyan Su paran sira, dene iya kumawani, manjing omahe wong liya, mukuli satengah mati,

Nora cara darbe atur, malah gugut mring polisi, iku ageng dosa sira, samene prakara neki, sun durung bisa mariksa, sireku sun belik dhingin.

Sang namur nalika ngrungu, duka amanabda wengis, eh tiu sireku bangsat, tan pantes dadi priyayi, de mangkono budi nira, ngungkuli durtaning anjing.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Mungguh saking daawah ira sri narendra, mula sira sireki, pinaringan nglonjak, lan pinaringan lenggah, punggawa angasta adil, ingkang supaya, weh arsa harjeng nagri.

Lan umeksa ecane para kawula, bengkas sakehe jurit, kang laku dursila, kaabeh malaning praja, wajib sira aweh resik, samengko nora, sasat sira ngajani.

Mring wong ala gawe rusaking nagara, lan uga nora keni, yen mriksa prakara, nganggo ngiloni jalma, ingkang sugih den rewangi, ginawe menang, yen mangkono tan adil.

Dadi ilang angger pranataning praja, eh Otyu dipun eling, wewalering nata, mring sangya prapunggawa, , yogya sira ngati-ati, supaya away, sira pribadi manggih.

Paukuman siasat wisiseng praja, babo eling den eling, away kaduwung sira, yen wus manggih sangsara, sinarsa ngunjara mami, de teka gampang, lah sapa ingkang bakit.

Mikut mringsun iyo mengko den rasakna, Otyu kalanya myarsi, Ko Tyan Su sabdanya, mangundat-undat mana, amimirangi sinisin, tur duk sineba, mring sagung para dasih.

Sanget lingsem duka agya abdi neki, Ko Tyan Su sipenyakit, pikuten den kena, ywa nganti bisa gagal, dene iku kumawani, mring jeneng ing wang, yen wus pikuten muli.

Banjur bae sapunen bebokong ira, ping satus dimen modir, yata prakawula, tandang arsa mikuta, prayitna sang namur dhiri, pundhi kang cedhak,tinandhang kajumpalik.

Ana ingkang tinabok akalayaban, tiba kuwalik-walik, siji nora nana, bisa perak lan nata, kabeh samya mlayu ngisis, bubar sasaran, Otyu awan ningali.

Yen abdinya larut tan mongga puliya, ajrih giris-amiris, lumayu pan arsa, ngalebeng dalemira, trengginas sang namur dhiri, Otyu cinandak, bangkekanya tan osik.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Garonjolan sasambatan aminta gesang, geger kang para dasih, ning siji tan nana, kawani anyeraka, gregeten wau sang aji, Otyu sirahnya, ing ngadu lawaan jobin.

Sirah remuk kaladag kanang rudira, waringuten dukanya, gumergut ngadeg kang rawis, Kroda mangiwa, lir sing amamrih dagi.

Kuwan dadya Otyu pan den idak-idak, saking gemes ninggali, duka nira dahat, yayah manglebur jagat, tandya manjing dalem wingking, ing ngriku manggya, pedhang nulya sang aji.

Wangsul malih Otyu kuwanda neki, tangi duka nira, nata anarik pedhang, kuwonda tinugel palih, yata kawarna, Otyu abdi nireki.

Wonten ingkang tur priksa pramodeng praja, totahe lenggah neki, Uwitigsi nama, matur yen dalemira, Tiu Otyu wonten jalmi, agawe resah, ngamuk mateni jalmi.

Tiu Otyu kilap pejah tuwin gesang, konca amba sadaya, tan wonten bakit nulungi, lah dipun enggal, gusthi tedhaka aglis.

Anulungi marang ingkang pini lara, kawarna uwi tigsin nguni asli nira saking nagri Tong Wan, Kwan bawah Kong Cu unagari, ing saneh Khwi Tang, duk lagi eca linggih.

Lan arinya suwi usin nama nira, kagyat duk tampi warti, yen Otyu dalemnya, kalebon wong durcara, soroh amuk mring dipati, tandya samekta. Undang sakeh prajurit.

Anutupa pajupan lawang ing kitha, lan jinaga prajurit, suwi tig sin budal, ngidin kang wadya kuswa, kabeh margi jro nagari, samiji naga, sagegamaning jurit.

Kawarna awau sang namur kawula, sawusnya amejahi, otyu sang dipatya, osik ireng wardaya, nora wurung awak mami manggih babaya, mestine den ulati.

Mring sang gya ning para pratiwaning praja, becik sun medal jawi, nyingkiri bebaya, yen ta sang namur raga, tindak ira durung tebih, kagyat tumingal baris geng andhatengi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Tan pawilang kadi truna ning udaya, lan kabeh margi-margi, wus kebekan wadya, ngrangap ingkang gegaman, jejek atam sung sun pipit, cipta babaya, sang nata nawung brangti.

Dahat duhkitaning galih, mangkana osik sang nata, tan wurung bilahi ingong, nanging pama awak ingwang, nora nekad palastra, iya wong sabisa metu, saking ing kimping jro kita.

Luhung ingsun sembah jurit, begjan-begjan menek bisa, medal sing kepungan ingong, wusnya warti kamangkana, mangkrak mabek sarosa, lawan musti sabetipun, lawan ingkang bebala kuswa.

Gumuruh samya nadahi, sami alon mring uwongnya, lah iya iku uwonge, bangsat ingakng gawe resah, cekelen aiwa gagal, ya ta wau sang kaprabu, mengsah wus derah palastra.

Mengsah kathah kang ngemasi, tuwin ingkang nandhang brana, tanpa wilangan katahe, nanging nata durung bisa, medal saking kepungan, numpes ngarsa wuri maju, ambyak ngurugi papejah

Rameswara ning ajurit, gumuruh lir ladu sasra, geger wong sapraja kabeh, sami tutup toko nira, solahnya ilulungan, wong cilik pan era-eru, kadya gabah ing nginteran.

Swareng tawis ting jalrit, tanpahe lir ana kraman, sang Lauwi Tig Sin duka anom, bola nira kathah rusak, tangeh mong gapuliya, tandya aswareng wadu, tandya aswareng wadu, kinen amasang wisaya.

Tali kinalar waradin, sak ubenging marga-marga, datan dangu antarane, ana bebantu geng prapta, de tog ing lyu upraja, ga ing lyong jujulukipun, de tog iku ageng lenggah.

Linan jendral sami neki, ya ta sang namur kawula, yasa riwut sang muke, waringa kawuron ning prang, dene karomban lawan, temah nir wiwekeng kalbu, suka kagubed ing tampar.

Sang nata dawahnya ririh, sarira kraos marlupa, katujunya sang angrajeng, angagem kancing mustika, ngatotin cu lyu dadya, tan nana draja tumanduk, marang ing sarira nira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Katupik sadawah neki, marang sagung mengsah ira, prapta gya mikut sang rajeng, binonda datan abisa, lau wi tig sin sukeng tyas, de mungsuhnya wus kapikut, undang kondur sa awangdya.

Dene de tog tyu unagri, ugi kondur mring prajanya, samana wau lampahe, lau wi tig sin sampun prapta, nenggih ing dalem ira, sakatahing balanipun, ingkang palastra ing yuda.

Pinaring waragan neki, kinen metak kadya adat, dene kang kabranan kabeh, sampun pinaring usada, samana kacarita, samana kacarita, lau wi tig sin praptanipun, nulya lenggah ing paseban.

Lir adat siniweng dasih, nulya dawah mring abdinya, pangamuken ajrokake, arsa pinisir sanalarnya, dupi perak tan samar, yen iku kangjeng sang prabu, kaget ing driya pan kadya.

Tinebak ing macan tuni, uwi tig sin mila nira, tan samar mring sang ngarajeng, wit unineng kuta raja, apan wus darbe pangkat, syang sinama nireng lungguh, de kerta ri tya sang nata.

Pan kulina saben nari, ya ta luwi tig sin nulya, mangarsa alon ature, duh gusti sri maharaja, paran darunan nira, dene linggar sing kadatun, tan bekto abdi sajuga.

Maweh kredyan ingkang abdi, temah anandhang pusara, gawe dura keng dasihe, duh gusti suhunan amba, dene kadya mangkana, punapa karsa pukulun, mugi tuwan ajarwaha.

Sang namur mesemi warsi, sarwi alon angandika, lui tig sin dene kowe, nora pangling marang ingwang, iya mengko sun jarwa, ingkang dadi karsanipun, mulane anglugas raga.

Lui tig sin prentah nuli marang sakeh abdi nira, kinen sami bubar gulah, ya ta ri sang namur lampah, apan sampun ngaturan, manjing aneng dalem agung, pusara gya ing nguculan.

Mring uwi tig sin pribadi, namung lawan ari nira, kang manggihi sang ngarajeng, nata wus ngaturan lenggah, tandya wau kalihnya, sami manembah sumujud, ing pada sang binatara.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Sarwi mangrepa turnya ris, duh gusti sri maharaja, ingkang ngageng aksamane, saking sanget tiwas amba, wani prang lan ratunya, linepan ta saru siku, pun dasih tuhu tan wikan.

Suka ngandika sang aji, iyato tahe yektinya, sira tan nana salahe, namung ingsun arsa wikan, de sira wruh maring wang, luwi tig sin nembah atur, pukulun sri maharaja.

Estu amba boten pangling, duk aneng ing kuta raja, kulina paduka katong, saben dina amba seba, ing ngabyantara tuwan, sang nata suka kalangkung, arum wijilireng sabda.

Sri narendra ngabdika nira, eh ya sira karo, uwitig sin lan arimu kuwe, pada setya nglabuhi nagari, jejeg ngasta adil, mantep marang ratu.

Iku banget panarima mami, marang sira karo, lamun ingsun wus undur ing tembe, sira kalih ingsun ganjar linggih, ageng kang ngungkuli, ing samangkenipun.

Mula lestarekna nyepeng nagri, den setya mring katong, ywa nglirwaken prentahnya sang rajeng, arumeksa para kawula lit, mrih harjaning bumi, bumi nta karasuk.

Lamun jejeg ajeg ngasta adil, kabeh kang wawengkon, pra kawula kang dadi bawahe, samya eca sakeca kang ati, wong gya mimyang tani, manggih arahayu.

Rahayu ning para kawula lit, ing praja katong ton, gemah harja tan na sangsarene, mesti antuk sih kang narapati, eh ta uwi tig sin, mula jeneng ingsun.

Alunganis salamur wong cilik, saka jro kadaton, marang kanglam karsa ningsun kiye, arsa mariksa sang gya nagari, patrape wong cilik, lan punggawa inmgsun.

Apa iya denya ngasta adil, kaya printah ingong, arumeksa marang ing bawahe, nora gawe susahe wong cilik, iku karsa mami, tan naliyanipun.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Sumarmanya, ywana nganti uning, lamun jeneng ingong, alelana mamur prapteng kene, ing samengko sira luwi tig sin, samapta ing jurit, ngumpulna wadyamu.

Ing samongsa-mongsa lamun prapti, iya dawahe ngong, dipun enggal, ywa nganti ta langke, si nijin san pikuten tendan keni, saakrape sami, ywa na ingkang kantun.

Awit iku jejembar ri nagri, yen awet tumuwoh, gawe retuhi siningrat kabeh, lawan karya susahe wong cilik, poma wekas mami, den emene ingsun.

Arsa laju mring Kang Lam nagari, ya ta sang ngakatong, lajeng wedak, lwi tig sin age, lan arinya umiring sang aji, prapteng ngawi biting, kabeh lagi wangsul.

Sapraptanya ing dalem ireki, nulya amirantos, samapteng prang lir dawah sang rajeng, kawarna akedaknya sang aji, angulati jit cing, marang pondhokipun.

Dupi panggih kalih sukeng galih, nata wus nyariyos, lelakone duk aneng jro beteng, jit cing myarsa ngungunyah tan sipi, samana kang wanci, apan uwis surup.

Nulya dahar dalu nira kalih, nyare aneng kana, duk byar enjing, sang nata nulya ge, karya serat sawus sira dadi, ngundang rencang neki, ingkang darbe warung.

Kinen dateng ingakang soh nagari, bekta srat sang katong, pinaringken mring jing yu kyong rane, pramodanya ingkang soh nagari, eh sun bu ingkang linggih, iku pangkat ruhur.

Lan pinaring rencang tukang bakmi, sangu mring sang katong, pan sapuluh tail salakane, dahat suka lampah ira aglis, marga wanci tan winarni, samana sang namur.

Tandya ngalih panggenan nireki, ucal sanes pondhok, kang supaya tan kawruhan ngakeh, wit sang nata tan arsa kapanggih, mring pra abdi neki, samana winuwus.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Nagri kang soh pangageng ireki, sun bu ingkang lunggoh, sang jin yu kyong iya jujuluke, lenggah ageng reh sameng dipati, asli nira saking, wan ik wan prajeku.

Tumut jajahan kwi tang nagari, jing yu kyong kacriyos, pan widagda putusa liring reh, marma nira katarimeng nagri, duk dinadar nguni, kawasisanipun.

Pan ngungkuli sesama nireki, gya ginanjar lunggoh, nami cuk wan enget sih sang rajeng,tan na lami antara nireki, ing ngunggahken malih, sun bu pangkat ruhur.

Angleresi duk puniku lagi, nenggih sang ji yu kyong, lenggah aneng dalem amung dewe, kagyat mireng abdinya atur wris, manawi ing jawi, wonten jalma rawuh.

Bekta serat pan arsa sumiwi, jin yu kyong sabda lon, lah ta enggal iriden marene, jalma ingkang ambekta kintengki, tan dangu wus manjing, serat sampun katur.

Mring ji yu kyong pinirsa ing jawi, srat saking sang katong, awit mungal ong cyang ijawine, yeku tonda srat saking sang aji, gupuh manjing wingking, nata majanipun.

Masang lilin lan bakar wewangi, ngormati srat katong, sang jing yu kyong kuwi neng ngarsane, meja sarwi ambuka kang tulis, dawahnya sang aji, ungalnya lir madu.

Pan mangkana nawala sang aji, jeneng ngingsun ling garsa ing pura, nalamur de sedya ning ngong, mring kang lam andudulu, satlatahnya kang nagri-nagri, duk tindak ingsun prapta, ing kimpiu ingsun, kapanggih siji wanita, meksih muda bojone wong adol pitik, thyo kwi ong nama nira.

Lawan ngajak anaknya lit alit, pada lanang papat katah ira, neng pinggire kali gedhe, sedyanya arsa nglalu, nyegur kali dimene mati, kagyat ingsun tumingal, nuli ingsun tulung, pawestri mau wong glandhang, mring tepining dalan den nget, mlas sasih, marga wau wanita.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Anggarbinipa masida mati, dadi nyawane nem ingkang pejah, sumarga wong tulung age, nalika nira iku, estri mau ingsun takoni, kang dadi sabab ira, denyarsa anglalu, nganti rambah kaping tingga, gon sun tanya lawan aku ananggupi, amitulungi deweknya.

Lagi bisa konda mau estri, lamun laki nira pinitenah, marang ki jin san samangke, prakara sun pinutus, lamun arsa den ukum mati, tyo kwi ong pandinakwa, dadi bajag laut, iku jin san akali ira, dene ingkang mutusi prakara iki, si o tyu wit pyambaknya.

Lan kijin san pan sumitra becik, yeku ingkang ngrujuki dus karta, tinurut barang karepe, marma sayandarung, si kijin san go nira juti, gawe sawenang-wenang, angrusak wong dusun, lawan malsu arta slaka, de bojone tyo kwi ong apan ta ugi, anjaluk pangapura.

Miminta sah mring kijin san nanging, nora pisan yen darbe ya wlas, malah si bangsat karepe, basa delok kalamun, si tyo kwi ong bojo nireki, ayu tur mesih mudha, andarbeni kayun, reh ing wanita utama, setyeng priya nora arsa anglakoni, panggaweyan druhaka.

Pinapeksa kijin san karseki, arsa den dol mring lurah wong ala, iku tyo kwi ong bojone, pilalu teken lampus, arsane katjegur ing kali, ya iku jalarannya sing judheg ing kalbu, nuli sun paring arta, satus tail dinggo anebus kang laki, ananging mau arta.

Malah iya den ijoli maning, mring kijin san sinalin dembaga, iku tyo kwi ong ibune, kang lumaku anebus, den pilara satengah mati, kijin san nora liya, iya kang den waluk, mung tyo kwi ong bojo nira saking sanget aku wlas aningali, dadi tedhak pribadya.

Mring wismane kijin san panggih, sun maminta mangrepa noraga, anjaluk pangapurane, supaya kwi ong iku den wetokken saka ing buwi, nanging iku kijin san, wus tan pisan antuk, malah saruwang wangsulannya, temah dadya kakerengan lawan mami, banjure ingsun gugat.

Marang o tyu tau kim ping nagri, sun tan weruh jabul tiu bangsat, tanpa pinirsa nalare, sun arsa binalenggu, linebetken marang ing buwi, kijin

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

sang sinung luwar, banjur kinen mantuk, baseng sunweruh kadyeka, temah duka aku kaberanang runtik, o tyu ngong pikutken.

Bangkekannya dhase ingsun banting, remak rempu reh ira dala daga, tan jaluk bannyu patine, ngriku dadya dahuru, katujune ingsun kapanggih, uwitik sin lenggahnya, totahe puniku kang tulung ngeterken ingwang, medal saking jro beteng kim ping nagari, mula jing yu kyong mangkya.

Dipun enggal gawa aprajurit, asareng ngalawan laku nira, uwi tiksin sabalane, ikuten dipun gupuh, si kijin san aiwa anarisa kula warna nira, tempesen sadarum, miturut kukum mring praja, titimanan na wala saka ing mami, gyan lyong kun maha raja.

Sang jing yu kyong wusnya maos tulis, yandya undang marang bala nira, katahnya turongga bae, katahnya gangsal ewu, wus samapta budal ira glis, rame samarga-marga, swaranya gumrudug, barung swareng tetabuhan, tambur beri salompret kalawan suling, kadya neng kebawana.

Sun bu jing yu kyong beta tetindhik, nami wapyu manggalaning ngaprang tan dangu wau lampahe, jawi kita prapta wus, sami atata sanggrah aneki, nulya paring uninga, uwi tig sin iku, ing ngaja nuli budala, dadi siji angraba seng mengsah neki, kang duraka mring nata.

Uwi tig sin nalikanya tampi, utusannya jing yu kyong anulya, ngumpulaken punggawane, prayayi jro kuteku, lawan para manggaleng jurit, arsa ing ngajak sowan, mring kang jeng sang prabu, wusnya samapta sadaya, tandya budal saking ing kimping jro biting, tan dangu lampah ira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

##########